

PlusOne

Rodza Pfungwa ChiShona



Gwaro
reChinomwe

7

PlusOne

Rodza Pfungwa ChiShona

Bhuku romudzidzisi

**Gwaro
reChinomwe**

7



 **SECONDARY
BOOK PRESS**

Anchors of the schools curricula

Published by:

Secondary Book Press Private Limited
4th Floor, CABS Centre Building,
Cnr Jason Moyo & 2nd Street,
Harare, Zimbabwe
Tel: +263 242 771 406 | +263 242 753 201
Mobile: +263 712 560 870 | +263 788 954 870
Email: sales@secondarybookpress.co.zw
Website: www.secondarybookpress.co.zw

Plus**One** **Rodza Pfungwa ChiShona | Gwaro reChinomwe – Bhuku
romudzidzisi**

ISBN: 978-1-77932-150-3

First Published in 2026

Copyright: Secondary Book Press

Editor-in-Chief: Munyaradzi Gunduza

Development Editor: Reggies Chapwanya

Design and text layout: Floeene B. Chimba

Every effort has been made to trace the copyright holders. In the event of unintentional omissions or errors, any information that would enable the publisher to make the proper arrangements will be appreciated.

All rights reserved. No part of this publication may be reproduced, stored in a retrieval system, or transmitted in any form or by any means, electronic, mechanical, photocopying, recording or otherwise, without prior permission of the copyright owner.

Zviri mukati

Mavambo	i
Chikamu 1: Zvazoitika!	1
Chikamu 2: Zvinhu zvinoshanduka - Mabasa	6
Chikamu 3: Mitambo yepasichigare: Bira	11
Chikamu 4: Dzidzo inhaka yehupenyu	16
Chikamu 5: Ndine kodzero yekudzidza	21
Dzokororo yekutanga	25
Chikamu 6: Tese tiri vanhu	26
Chikamu 7: Kutandara pasichigare: Ngano yaTsuro naGudo	31
Chikamu 8: Chiroto	35
Chikamu 9: Rusununguko muZimbabwe	39
Chikamu 10: Bvunzo yekutanga.....	43
Chikamu 11: Tabhita muka	45
Chikamu 12: Mitambo yepasichigare: Jerusarema	50
Chikamu 13: Chirwere chebharaziya	54
Chikamu 14: Zviera zvemunzvimbo.....	58
Dzokororo yechipiri	63
Chikamu 15: Mushandirapamwe	64
Chikamu 16: Mubatanidzwa wenyika dzekuChamhembe kweAfrica (SADC)	68
Chikamu 17: Magetsi ezuva	73
Chikamu 18: Dzidzo pasichigare	77
Chikamu 19: Kubatana kwenyika dzemuAfrica	82
Chikamu 20: Bvunzo yechipiri	86
Chikamu 21: Kureva nhema	82
Chikamu 22: Dambudziko repasi rese: Chirwere cheCOVID-19	92
Chikamu 23: Kusanduka kwemwaka	97
Chikamu 24: Kuchengetedza utano	101
Chikamu 25: Mibato yemaoko inosimudzira	105

Dzokororo yechitatu	109
Chikamu 26: Rufu ndimadzongonyedze	110
Chikamu 27: Kuvimbika	114
Chikamu 28: Pamusika weMbare	118
Chikamu 29: Rairo yekupedzisira.....	122
Chikamu 30: Bvunzo yechitatu.....	126
Chikamu 31: Bvunzo yechina	128

Bhuku rino remudzidzisi PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChinomwe ndiro bhuku rechitanhatu mukutevedzera hwaro hwokudzidzisa ChiShona. Parugwaro urwu, bhuku rino rinoumbiridza zvakakosha zvakadzidzwa nevadzidzi murugwaro rweChishanu kurudziro iri papfungwa huru ina dzemumbiro dzinoti **Kuverenga**, **Kutaura**, **Kuteerera neKunyora**.

1 Kuteerera

Njere dzinowedzera padanho rimwe nerimwe nekudaro pagwaro reChinomwe bhuku rePlusOne Rodza Pfungwa ChiShona rine zvakawedzera kubudikidza nenyaya dzinobata tsika nemagariro zvinoonekwa nevadzidzi munharaunda mavo. Padanho rino vadzidzi vanowedzera kuteerera kwavo kana mudzidzisi akataura zvagara zvichionekwa munharaunda.

2 Kutaura

Kana vadzidzi vachinge vogona kuteerera, kutaura hakuchavanetse sezvo nharaunda chiri chombo chikuru kuvadzidzi. Mudzidzisi uchaona kuti mienzaniso mizhinji ichapihwa nevana mukutaura inenge ichibva munharaunda mavanogara. Mubhuku rino, mudzidzisi achaona hurukuro dzichaitwa nevana pachikamu choga choga. Hurukuro idzi dzinobata misoro yakasiyana-siyana. Izvi zvichabatsira kuti unyanzvi hwavo hwekutaura husimbe.

3 Kuverenga

Bhuku rino rine mazwi matsva uyezve tsananguro yemazwi aya. Mudzidzisi anokurudzirwa kuverengesa vana mazwi aya. Izvi zvichabatsira kuti vasazonetseka pakuverenga ndima yenzwisiso sezvo mazwi matsva aya anenge arimo mundima yekuverenga yenzwisiso. Mudzidzisi ipa mwana wega wega mukana wekuverenga vamwe vana vakateerera. Izvi zvinobatsira kubvisa kakutya muvadzidzi zvichiunza makwikwi okuverenga mukati mevadzidzi.

4 Kunyora

Mwana anogona kushandisa kunyora senzira yekutaura nayo. Parugwaro rweChinomwe vana vava kugona kudzidzira kushandisa mutauro zvakazara. Zvinyorwa zviri mubhuku revana zvinopa vana mukana wekunyora vachizadzisa. Vana vanopihwa mukana wekunyora mazwi nezvaanoreva. Bhuku rino richapa vadzidzidzisi mukana wekupa vadzidzi kuti:

- vanyore vachipindura mibvunzo yenzwisiso,
- vanyore rondedzero vachibatandiza pfungwa dzakapihwa kunyora rondedzero ine hutesve,
- vanyore zvirevo vachizadzisa zvirungamutauro kana kuzadzisa mitsara yakapihwa nezvirangamutauro,
- kunyora vachisarudza mhinduro dzesarudzo.

Mashandisirwo ebhuku

Bhuku rino rinobatsira mudzidzisi mukushandisa PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChinomwe. Zvikamu zvebhuku rino zvakarongwa zvichitevedza marongerwo azvakaitwa mubhuku revana. Bhuku rino richange richibuditsa:

- musoro wechikamu choga choga.
- zvinangwa zvechidzidzo choga choga. Zvakakosha kuti murairidzi ashandise bhuku rino nebumbiro reChiShona kuti aone ukama huripo nehwaro redzidzo.
- zvombo zvamungashandise pachidzo choga choga. Zvakakosha kwauri murairidzi kuti ugadzire zvombo zvakanwanda parugwaro urwu.
- zvamuchatarisirwa kuita nevana pachikamu choga choga.
- zvingaitwe nevana sebasa rekumba. Basa rekumba rakakosha sezvo richiita sezambuko pakati pekuchikoro nekumba. Mudzidzi anombowana mukana wekubvunza vamwe vasiri vadzidzisi sezvo dzidzo isina muganhu. Mubhuku rino mudzidzisi uchapihwa mukana wekupa basa rekumba nekuwedzera ruzivo pachikamu choga choga.
- mhinduro yemibvunzo iri mubhuku revana. Mudzidzisi unokurudzirwa kutwasanudza pfungwa dzako pamhinduro dzinopihwa nevadzidzi zvichienderana nenzvimbo.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kuzadzisa tsumo.
- f** kududzira madimikira.
- g** kuisa mazwi muuwandu.
- h** kunyora rondedzero.
- i** kupa mhuka nevana vadzo.

Zvombo zvichashandiswa

- Mufananidzo wevana vechikoro.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine madimikira.
- Bhambiri rine mazwi muuwandu.
- Bhambiri rine mhuka nevana vadzo.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Rwiyo panharembosha.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji 1-7.

Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vana ngavakurukurirane zviitiko zvinofadza muupenyu hwevanhu. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite chimutambo chezviitiko zvinofadza muupenyu sekubudirira muchikoro, pamitambo, kuwana basa nezvimwe. Ngavataridzane zvimutambo votsvaka shasha yagona kubudisa musoro.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Pakubudirira pane zvimwe zvinhu semitambo, muchikoro, pamabasa nezvakasiyana-siyana.
- Ukafarisa unozopedzisira wasuwa.
- Kana vana vechikoro vakadzikama vanobudirira pazvidzidzo zvavo.
- Anofanira kugara achiverenga, kufarira kudzidza nekuteerera vadzidzisi.

Mazwi ari mundima

Mhinduro dzemazwi anoreva zvakafanana ndeidzi:

- | | | | |
|----------|--------------|----------|-------------|
| a | manyemwe | e | vakataurira |
| b | akasheedzera | f | usahwira |
| c | zhowezha | g | kusevenza |
| d | nyama | h | kanganwiro |

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavaverenga mazwi ari pazvitai-tai. Ngavaverenge ndima yenzwisiso vachiita majana. Mumapoka vadzidzi ngavaite makwikwi ekuverenga votsvaka shasha iyo ichakwikwidzana nedzimwe shasha dzemapoka. Vadzidzi ngavasarudze nyanzvi yekuverenga yevhiki iyoyo.

Mhinduro dzemibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|---|-----------|---|
| 1 | B | 6 | B |
| 2 | C | 7 | C |
| 3 | D | 8 | A |
| 4 | B | 9 | C |
| 5 | C | 10 | D |

C. Pfupiso

Vana ngavataure zvakaitwa naDenhai mundima. Mumapoka vana ngavataure pfungwa dzepfupiso seidzi:

- Denhai akakwira pamusoro petafura.
- Anofarira kuva murugwaro rwechinomwe.
- Dzikamai naNetsai vanomuseka.

- Mukuru wechikoro nemutevedzeri wake vanouya.
- Vanomuraira kuti adzidze nesimba.
- Vadzidzi ngavabatanidze pfungwa idzi pakunyora pfupiso. Ngavatevedzere mazwi avaudzwa.

D. Kuzadzisa tsumo

Vadzidzi ngavazadzise tsumo dziri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavazadzise tsumo dziri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaazadzise tsumo dziri mubhuku revadzidzi.

Mazadzisirwo etsumo dziri mubhuku revadzidzi ndeaya:

- | | |
|------------------|-------------------|
| 1 usiku urefu | 6 chida moyo |
| 2 kubata mwana | 7 Zvine manenji |
| 3 haiorerwi | 8 huirongera |
| 4 chaitemura | 9 mhanza chironda |
| 5 haupedzi sadza | 10 tsitsi |

E. Kududzira madimikira

Vadzidzi ngavadudzire madimikira ari pabhambiri. Ngavataure madimikira vari mumapoka maviri rimwe boka richidudzira. Mudzidzisi ngaape chibodzwa boka rinenge ragona kududzira madimikira. Boka rinenge rawana zvibodzwa zvizhinji ndiro rinenge ratora mukombe.

Mhinduro dzemadimikira ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|--------------------|------------------|
| 1 kuzvirumbidza | 6 kunyengedzerwa |
| 2 kuyambira | 7 kusateerera |
| 3 kuzorora | 8 kunakirwa |
| 4 kumhanya zvikuru | 9 kuzvishingisa |
| 5 kuva netsitsi | 10 kufarisa |

F. Kuisa mazwi muuwandu

Vana ngavaise mazwi ari pabhambiri muuwandu. Ngavaite mapoka maviri vachiisa mazwi muuwandu mudzidzisi achipa zvibodzwa. Boka rinenge raita zvibodzwa zvakawanda ndiro rinenge rabudirira. Vadzidzi ngavanyore basa riri mumabhuku evadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|----------|----|----------------------|
| 1 | nziyo | 6 | matsime |
| 2 | mazano | 7 | makora |
| 3 | mhasa | 8 | majaya |
| 4 | tusikana | 9 | madzimbuya/vanambuya |
| 5 | tsitsi | 10 | madzitete/vanatete |

G. Rondedzero yetsanaguro

Kukosha kwedzidzo

Vadzidzi ngavape mavambo akasiyana-siyana erondedzero iyi. Ngavataure pfungwa dzerondedzero iyi mumapoka. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

H. Mazita emhuka neevana vadzo

Vadzidzi ngavataure mhuka nevana vadzo zviripabhambiri. Mumapoka vana ngavazadzise basa riri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi dzeidzi:

- | | | | |
|---|------------|----|-----------|
| 1 | mvuu | 6 | chiduwa |
| 2 | nyana | 7 | manditeya |
| 3 | hove | 8 | nyuchi |
| 4 | mandishaya | 9 | buruuru |
| 5 | shoko | 10 | katsi |

I. Basa rekuita kumba

Mazwi muushoma

- | | | | |
|---|---------------|----|------------------|
| 1 | hwahwa | 6 | shamwari nemhepo |
| 2 | rwaivhi | 7 | ruoko |
| 3 | muswe | 8 | bete muimba |
| 4 | chituro | 9 | chigunwe mutsoka |
| 5 | imba nembavha | 10 | mukadzi mudiki |

J. Kunyora nhamba mururimi rwaamai

- 1 Mazana maviri nemakumi mana.
- 2 Makumi manomwe nepfumbamwe.
- 3 Zana nemakumi maviri neshanu.
- 4 Mazana matatu nemakumi mana neshanu.
- 5 Makumi mana nenhanhatu.
- 6 Shanu
- 7 Makumi maviri neimwe.
- 8 Gumi nembiri.
- 9 Makumi matatu neshanu.
- 10 sere

Zvinhu zvinoshanduka – Mabasa

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kupa dimikira rine tsanangudzo yakapiwa.
- f** kushandisa chifemo.
- g** kuisa mazwi muushoma.
- h** kunyora rondedzero.
- i** kuzadzisa zvirevo nemazwi eukama.
- j** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Bhambiri rine madimikira.
- Bhambiri rine chifemo.
- Bhambiri rine mazwi muushoma.
- Bhambiri rine zvoukama.
- Rwiyo panharembosha.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji 8-14.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavaite gakava rine musoro unoit, “Kune mabasa evanhukadzi chete neevanhurume chete.”

Vana ngavapinde mumapoka maviri. Rimwe boka ngaritsigire musoro, rimwe boka ngaripikise. Mudzidzisi ngaape zvibodzwa kupfungwa ine musoro inenge yataurwa. Boka rinenge rawana zvibodzwa zvizhinji ndiro rinenge ratora mukombe.

Hurukuro

- Kuveza, kuvhima, kuvaka nemamwe.
- Kubika, kuwacha, kutsvaira, kuruka nemamwe.
- Vanhurume.
- Vanhukadzi.

Mazwi ari mundima

Mazwi muuwandu

Mhinduro dzemazwi ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|----------|----------|---------|
| a | zvikoro | e | pasi |
| b | mitondo | f | mapindu |
| c | mabvute | g | mabasa |
| d | zvikadzi | h | vanhu |

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavataure mabasa ezvimiso. Ngavaverenge ndima yenzwisiso vachitevedza zvimiso. Ngavapindure mibvunzo yenzwisiso.

Mhinduro dzemibvunzo yenzwisiso ndeidzi:

- 1 VaMunaro
- 2 rwechinomwe
- 3 Vainge vasingadi kutsvaira muchikoro kana kuti kuitiswa basa ravaiti rechikadzi.
- 4 Kusuka mafafitera
- 5 Kudakwashe
- 6 Kutsvaira, kusuka ndiro, kukorobha mumba, kuwacha nekubika.
- 7 Kutema miti, kuveza, kudiridza mubindu, kurima nekugadzira midziyo yemagetsi.
- 8 pasi rapinduka
- 9 Kare haagari ari kare/ Aiva madziva ava mazambuko.
- 10 Rairo yaVaMunaro.

C. Pfupiso

Vana ngavataurirane manyorerwo epfupiso. Mumapoka avo ngavape pfungwa dzepfupiso iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso iyi.

D. Dimikira rine tsanangudzo yakapiwa

Vana ngavadome dimikira rine dudziro iyi pabhambiri. Mumapoka vadzidzi ngavataure tsanangudzo yedimikira vamwe vachidoma madimikira. Vadzidzi ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi:

- | | | | |
|---|---|----|---|
| 1 | C | 6 | A |
| 2 | A | 7 | B |
| 3 | A | 8 | C |
| 4 | B | 9 | B |
| 5 | D | 10 | C |

E. Kushandisa chifemo (,)

Vadzidzi ngavakurukure panoshanda chifemo. Ngavaise chifemo pazvirevo zviri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine chifemo. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Kuisa chifemo muzvirevo zviri mubhuku revana.

- 1 VaMunaro vanodzidzisa Panashe, Tendai, Taperu, Rudo naChenai.
- 2 Kare mabasa echikadzi aive ekubika, kuenda kuhuni, kuwacha, kusuka nekutsvaira mumba.
- 3 Pasichigare varume vaiita mabasa ekuvhima, kuveza, kutema huni nekurima mumunda.
- 4 Chero munhu anogona kuita makanika, injiniya, chiremba, bhiridha nemurairidzi.
- 5 Anofarira kudya mengo, mabhanana, mashuku, maranjisi, nzviru nenhengeni.
- 6 Sekuru vakarima nzungu, nyimo, chibage, rukweza nembatatisi.
- 7 Mumba mavo mune masofa, zvigaro, tafura, chivhitivhiti nedzimudzangara.
- 8 Gumbo, ruoko, mhino, muromo, musoro nenzeve inhengo dzemuviri.
- 9 Mbuya, sekuru, vatete, mainini, tsano, muroora nababamukuru ihama dzangu.
- 10 Munyaradzi ane imbwa, kiti, mombe, mbudzi, makwai nembongoro.

F. Mazwi muushoma

Vadzidzi ngavaise mazwi ari pabhambiri muushoma. Mumapoka avo vadzidzi ngavaise mazwi ari pamakadhi muushoma. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|----------|----|------------|
| 1 | chainga | 6 | rukova |
| 2 | nhandare | 7 | rwizi |
| 3 | mupuro | 8 | kachembere |
| 4 | rupasa | 9 | dombo |
| 5 | rwaivhi | 10 | gwai |

G. Rondedzero

Vadzidzi ngavataure manyorerwo erondedzero. Ngavataurirane pfungwa dzerondedzero iyi mumapoka. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

H. Mazita ehama

Vadzidzi ngavataure hama dzavo uye ukama huripo. Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nemazwi eukama. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku ravo.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 muramu
- 2 babamukuru
- 3 mukwasha
- 4 ambuya
- 5 vakwashanyina
- 6 tsano
- 7 muramu
- 8 muroora
- 9 vatete
- 10 muzukuru

I. Basa rekuita kumba

Mazwi anoreva zvakafanana.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeizvi:

- | | | | |
|---|--------------------|----|---------------------|
| 1 | ngonono | 6 | kupfimba |
| 2 | muridzo | 7 | manyada |
| 3 | makundano/mangange | 8 | ngwena |
| 4 | idi | 9 | muridzi |
| 5 | hwaro | 10 | hosha kana chirwere |

J. Tsika nemagariro

- 1 Pamusoroi
- 2 Pamusoroi/Ndingakubatsirei here?
- 3 Ndingabvunzawo here?
- 4 Ufambe zvakanaka.
- 5 Ndine hurombo.
- 6 Pamusoroi vanababa navanamai.
- 7 Nematambudziko/nenhamo/nedzinoparadza
- 8 Kana waziviswa nezvemunhu wawatanga kusangana naye kekutanga.

Mitambo yepasichigare: Bira

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kuzadzisa zvirevo nefananidzo.
- f** kuzadzisa zvirevo nenyaudzosingwi.
- g** kuumba mazwi.
- h** kunyora tsamba kushamwari.
- i** kunyora zvisazitasingwi zvakadzokororwa.
- j** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Bhambiri rine fananidzo.
- Bhambiri rine nyaudzosingwi.
- Bhambiri rine mavara.
- Bhambiri rine tsamba.
- Bhambiri rine zvisazitasingwi.
- Mufananidzo wevanhu vari kudzana pabira.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji 15-22.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure zvavakanzwa kuti ndizvo zvinoitwa muchitendero chevatemala. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite chimutambo chechitendero chevatemala. Boka rinenge raita zvinonakidza ndiro rinenge ratora mukombe.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Nemidzimu
- Mweya wehama yako yakafa.
- Kuchengeta vapenyu, kutarira vapenyu uchivanzvengesa munjodzi.
- Nyadenga, Samasimba, Musikavanhu, Mutangakugara, Samatenga.

Mazwi anoreva zvakafanana

Mhinduro dzemazwi ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|-------------------|---|--------------|
| a | nhamo kana nyatwa | e | fodya |
| b | mazano | f | dzinoshaurwa |
| c | unosheedzwa | g | kugashira |
| d | vanoombera | h | shumba |

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavaverenge mazwi matsva. Ngavaite majana ekuverenga ndima yenzwisiso. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite makwikwi ekuverenga votsvaka shasha yemapoka.

Kunyora nzwisiso

Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yavachabvunzwa nemudzidzisi. Mumapoka vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaapindure mibvunzo iri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|---|----|---|
| 1 | B | 6 | C |
| 2 | D | 7 | C |
| 3 | C | 8 | D |
| 4 | A | 9 | B |
| 5 | B | 10 | A |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavayeuchidzane zvinotarisirwa pakunyora pfupiso. Mumapoka vadzidzi ngavataure pfungwa dzepfupiso iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso iyi mubhuku rake.

D. Kuzadzisa zvirevo nefananidzo

Vadzidzi ngavataure zvirevo zvine fananidzo. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nefananidzo. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore zvirevo zvitatu zvine fananidzo. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revana.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- 1 D
- 2 D
- 3 C
- 4 D
- 5 A

- 6 D
- 7 B
- 8 C
- 9 B
- 10 A

E. Kuzadzisa zvirevo nyaudzosingwi

Vadzidzi ngavataure nyaudzosingwi dzavanoziva. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nyaudzosingwi. Mumapoka vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvitatu zvine nyaudzosingwi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 jii
- 2 kwe-e
- 3 nganganga
- 4 nyondo
- 5 kunun'unu

- 6 gwindiri
- 7 kushu
- 8 gwengwendere
- 9 mbombombo/bwada bwada
- 10 tuku tuku

F. Kuumba mazwi

Vadzidzi ngavaumbe mazwi vachishandisa mavara akapiwa. Mumapoka ngavaite makwikwi ekuumba mazwi. Boka rinenge raumba mazwi mazhinji ndiro rinenge ratora mukombe.

Mazwi anogona kuumbwa ndeaya:

vanetesa	netesa	kuchema	unhu	huni	rera
rooranai	anogara	gara	bhururuka	bhuru	uruka
ruka	vaunoda	unoda	oda	aba	chaba
huyai	uyai	endai	mira	ageza	geza
shara	hara	mhanya	ruka		

G. Rondedzero yetamba kushamwari

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo etsamba kushamwari. Mumapoka ngavataure pfungwa dzetsamba iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore tsamba iyi achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

H. Zvisazitasingwi zvakadzokororwa

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nezvisazitasingwi zvakadzokororwa. Mumapoka ngavaite basa riri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 iwewe
- 2 ikoko
- 3 ihwohwo
- 4 iroro
- 5 iyoyo
- 6 isusu
- 7 ichocho
- 8 iwoyo
- 9 iroro
- 10 izvozvo

I. Basa rekuita kumba

Vana ngavanobvunza zvinoitwa pabira vagouya voudza vamwe.

J. Zvipfeko zvepasichigare

Chipfeko	Nhengo yazvinopfekwa	Zvinogadzirwa nei
chuma	muchiuo	ndarama, mhodzi, maziso embeu, mapfupa emhuka nezvimwewo
hwashu	mumakumbo	matehwe emhuka makukutu
nhembe	pamuviri	matehwe emhuka
ngundu	mumusoro	minhenga
mhete	nzeve	ndarama, mhangura, mapfupa
ndoro	mumusoro	nyanga

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kupa tsumo dzinopikisana.
- f** kushandisa hameno, kana nanyangwe muzvirevo.
- g** kunyora zvirevo zvine mazwi anoreva zvakasiyana asi iwo achinyorwa zvakafanana.
- h** kunyora mhan'aro.
- i** kunyora mazita ezvinhu zvakaungana.
- j** kuzadzisa zvirevo nezwi rakakodzera.
- k** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine zvirevo zvine mazwi anoreva zvakasiyana asi iwo achinyorwa zvakafanana.
- Bhambiri rine mazwi.
- Bhambiri rine mhan'aro.
- Bhambiri rine mazita ezvinhu zvakaungana.
- Bhambiri rine zvirevo zvinofanira kuzadziwa nezwi rakakodzera.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji 23-30.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane kuti kutamba nechikoro kudii. Mumapoka avo ngavaite chimutambo chemwana anenge achiita misikanzwa kuchikoro. Boka rinenge ragona kuita zvine unyanzvi ndiro rinenge ratora mukombe.

Hurukuro

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- Kurovha chikoro, kuita ruzha muchikoro, kusanyora basa, kuviga mabhuku nezvimwe.
- Unodarikirwa nezvidzidzo, unopiwa chitarafu, unozokonewa zvidzidzo.
- Vanoverenga mabhuku, vanonyora basa rose ravapiwa, havarovhi chikoro, vanofarira kudzidza.
- Vanobudirira pazvidzidzo zvavo.
- Vanopiwa mubairo.

Mazwi anopikisana

Mhinduro dzemazwi anopikisana ari mundima ndeidzi:

- | | | | |
|----------|-------------|----------|------------------------|
| a | kusuwa | e | yakanaka |
| b | ndakapesana | f | akasiyana |
| c | chokwadi | g | waibvuma kana waitenda |
| d | uri | h | achiita |

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavataurirane mabasa ezvimiso. Ngavaverenge vachitevedzera zvimiso. Mumapoka avo ngavaite makwikwi ekuverenga votsvaka shasha yeboka ravo. Shasha iyi ngaikwikwidzane nedzimwe shasha dzemapoka pobuda nyanzvi yevhiki iyoyo. Vana ngavapindure mibvunzo yenzwisiso. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|------------------|----------|---|
| 1 | Shuvai | 6 | Kuviga mabhuku uye kureva nhema. |
| 2 | Takudzwa | 7 | Kukundikana pazvidzidzo uye kutambura muupenyu. |
| 3 | kuVictoria Falls | 8 | kutambura zvikuru |
| 4 | ndiMai Chimbwari | | |
| 5 | wekwaManzonzote | | |

- 9 kumwa doro
- 10 Kunzwa kuti Takudzwa ashanduka ava kuita basa rekuchikoro

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavayeuchidzane manyorerwo epfupiso iyi. Mumapoka avo vadzidzi ngavape pfungwa dzepfupiso iyi. Ngavabatanidze pfungwa idzi kunyora pfupiso.

D. Tsumo dzinopikisana

Vadzidzi ngavataure tsumo dzinopikisana nedziri pabhambiri. Mumapoka avo ngavanyore tsumo mbiri dzinopikisana. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzetsumo dzinopikisana dziri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Zano ndega akapisa jira.
- 2 Pashure penzara maguta.
- 3 Kuteya mariva wanza, rimwe rinofuma rakabata rimwe rinopotsa.
- 4 Dzinonanzvana dzakanuna.
- 5 Chinono chine ingwe bere rakadya richifamba.
- 6 Mwana asingachemi anofira mumbereko.
- 7 Chara chimwe hachitswanyi inda.
- 8 Rume risinganyepi hariroori.
- 9 Yadeuka yadeuka mvura yemuguchu haiorereki.
- 10 Chisi chako masimba mashoma.

E. 'Hamen', 'kana' uye 'nyangwe'

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nemazwi aya. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvina hameno, kana nyangwe. Mumwe nemumwe ngaazadzise zvirevo zviri mubhuku revadzidzi nemazwi aya.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|-----------|-----------|
| 1 nyangwe | 7 hameno |
| 2 hameno | 8 nyangwe |
| 3 kana | 9 kana |
| 4 hameno | 10 hameno |
| 5 nyangwe | |
| 6 kana | |

F. Mutauro

Vadzidzi ngavadome mazwi akafanana asi achireva zvakasiyana. Ngavataure musiyano wemazwi aya. Ngavanyore basa remapoka riri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi dzinogona kuva idzi:

- 1 Dura zvawakaita zvose.
Taisa zviyo mudura.
- 2 Akatemerwa nyora nen'anga.
Nyora basa rose rawapiwa.
- 3 Nhasi mai vaiimba rwiyo runonakidza.
Imba yedu yakanaka veduwe.
- 4 Nhonga rara iro risati ratorwa nemhepo.
Rara pano ndichikutsanangurira nyaya iyi.
- 5 Nhasi ndadya chikafu ndikaguta.
Muguta reHarare mune zvifambiso zvakawanda.
- 6 Machira avo ane inda.
Inda kuchitoro unotenga chingwa.
- 7 Munda wakamborimwa unonzi gura.
Gura sipo iyi ndiwachise.
- 8 Akamuona ane zibanga ziguru.
Ndaona senyoka yapinda muguru.
- 9 Mwedzi wegore unopisisa unonzi Gumiguru.
Ona mwedzi wagara uyo.
- 10 Akapfurwa nepfuti bara rikapinda muchipfuva.
Machekanhembe mukadzi anongobara vanasikana vega.

G. Mhan'aro

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo emhan'aro. Mumapoka avo vadzidzi ngavataurirane pfungwa dzemhan'aro iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore mhan'aro iyi achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

H. Mazita ezvinhu zvakaungana

Vadzidzi ngavaite basa riri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine mazita ezvinhu zvakaungana. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|------------|----|--------|
| 1 | Gurusvusvu | 6 | Nhekwe |
| 2 | Mwanda | 7 | Bundu |
| 3 | Svinga | 8 | Sumbu |
| 4 | Mukuze | 9 | Gomba |
| 5 | Dutu | 10 | Pfuko |

I. Kuzadzisa zvirevo nezwi rakakodzera

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nezwi rakakodzera. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo vachiisa inzwi rakakodzera. Ngavazadzise zvirevo zviri mubhuku revadzidzi.

Mazadzisirwo ezvirevo zviri mubhuku revadzidzi ndeaya:

- | | | | |
|---|----------|----|-----------|
| 1 | neforogo | 6 | urwu |
| 2 | ichi | 7 | munaku |
| 3 | zvako | 8 | ine |
| 4 | iyi | 9 | ari |
| 5 | navatete | 10 | zvakanaka |

J. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|--------------------|----|----------------------------------|
| 1 | Chikei | 6 | Dutavanhu |
| 2 | Mbudzi | 7 | Chiso chavo hachina mufaro |
| 3 | Bhuku | 8 | Sekuru vake vanofamba nemudonzvo |
| 4 | Tsamba | 9 | Garwe murwizi |
| 5 | Rwendo nebhasikoro | 10 | Rupasa pane chuma |

K. Tsika nemagariro

- 1 Vana vanotsanangura tsika yega yega.
- 2 Vanoronga tsika dzakanaka nedzakaipa vachipa zvikonzero zvichienderana neraramo yanhasi.
- 3 Vana vanokwanisa kuita kamutambo ketsika imwe yasarudzwa.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kushandisa nyaudzosingwi muzvirevo.
- f** kuzadzisa zvirevo nezvipauro.
- g** kunyora tsamba yebasa.
- h** kuverenga makiromita.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Rwiyo ruri panharembosha.
- Bhambiri rine nyaudzosingwi.
- Bhambiri rine zvipauro.
- Bhambiri rine tsamba yebasa.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji 31-39.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure kodzero dzevana. Mumapoka avo ngavataurirane kuti vanhu vanotyora sei kodzero dzevana.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- a Yekudzidza, yekurarama, yekuchengetwa, yeutano nedzimwe.
- b Dzekuvhota, dzekurarama, dzekutaura zvavanoda vakasununguka nedzimwe.
- c Unogara zvakanaka murunyararo.
- d Vanosungwa nemapurisa, vanoendeswa kuchitokisi kana kujere.

Mazwi ari mundima

Mazwi muuwandu

Mibvunzo dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|------------|-----------|
| a madonhwe | e hari |
| b mazano | f zvikoro |
| c vazukuru | g mhosva |
| d vapfumi | h varume |

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavaverenge mazwi matsva votsanangura zvaanoreva. Mumapoka avo ngavaverenge hurukuro iyi vachiita sechimutambo. Ngavapindure mibvunzo yenzwisiso. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

- | | |
|-----|------|
| 1 B | 6 B |
| 2 C | 7 C |
| 3 A | 8 B |
| 4 D | 9 D |
| 5 C | 10 B |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavayeuchidzane manyorerwo epfupiso. Mumapoka avo ngavape pfungwa dzepfupiso iyi. Ngavabatanidze pfungwa dziri mubhuku revadzidzi kunyora pfupiso.

D. Kushandisa nyaudzosingwi mumitsara

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nenyaudzosingwi. Mumapoka avo ngavaumbe zvirevo zviviri zvine nyaudzosingwi. Mumwe nemumwe ngaazadzise zvirevo zviri pabhambiri nenyaudzosingwi.

Zvirevo zvinogona kuumbwa nenyaudzosingwi dziri mubhuku revadzidzi ndeizvi:

- 1 Nyoka yakati piti piti mumweni.
- 2 Mwana akati fare fare ndokuvata.
- 3 Akati ketu ketu mombe dzake oenda nadzo kumba.
- 4 Nhumbi dzake dzakati dhabha dhabha kunyorova nemvura.
- 5 Akanzwa bvudzi rake kuti nyau nyau paakaona goritoto.
- 6 Mvura iyi yavira kuti vhai vhai.
- 7 Mheni yakapenya kuti vare vare.
- 8 Usaramba wakati zii zii kunyarara.
- 9 Moto wakati ngandu ngandu kubaka.
- 10 Zvimvura zvainge zvichiti saka saka kupfunha.

E. Kuzadzisa zvirevo nezvipauro

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nezvipauro. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zviviri zvine zvipauro. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|-----------|-----------|
| 1 rurefu | 6 murefu |
| 2 itsvuku | 7 matatu |
| 3 hobvu | 8 hadzi |
| 4 chena | 9 mupfumi |
| 5 guru | 10 zhinji |

F. Tsamba yebasa

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo etsamba yebasa. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore tsamba iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore tsamba iyi achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

G. Makiromita

Vadzidzi ngavapindure mibvunzo vachishandisa makiromita neChiShona. Mumapoka avo ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaapindure mibvunzo iri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Makiromoita mazana matatu nemakumi maviri.
- 2 Makiromita mazana maviri nemakumi mapfumbamwe nemapfumbamwe.
- 3 Makiromita zana nemakumi mana nerimwe.
- 4 Makiromita mazana mana nemakumi masere.
- 5 Makiromita mazana mashanu nemakumi masere nemaviri.
- 6 Makiromita mazana manomwe nemapfumbamwe.
- 7 Makiromita mazana mashanu nemakumi matatu nemaviri.
- 8 Kubva Beitbridge kusvika Kadoma.
- 9 Makiromita zana nemakumi mana nematanhatu.
- 10 Kubva kuKadoma kusvika kwaMutare.

H. Basa rekuita kumba

Vana ngavanyore rondedzero ine musoro unoti; 'Kodzero dzevanhu munyika,' vouya voverengerana zuva rinotevera. Vana vanopa tsanangudzo yekudya kwepasichigare.

I. Zvinwiwa zvepasichigare

- 1 Mahewu - upfu nechimera
- 2 Mangisi - chimera
- 3 Bumhe - chibage/mapfunde/zviyo
- 4 Mhamba - chimera neupfu hwechibage/mhunga/mapfunda
- 5 Chikokiyana - chimera netsvigiri, upfu hwechibage/mapfunde/mhunga
- 6 Mukumbi - michero unonzi mupfura
- 7
 - a Masvusvu - hupfu
 - b Mahewu, bumhe, masvusvu

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- 1 VaMarujata
- 2 Nenyoka
- 3 Achifudza n'ombe
- 4 Pedzisai
- 5 Njaya
- 6 Ndarwadziswa kana ndarwadziwa
- 7 Mwana wavo ainge afa kana kuti Torai ainge afa.
- 8 Akabva ashaika kana kuti akabva afa.
- 9 Kuzvipinza mumatambudziko.
- 10 Kubatsirana kufunga.
- 11 Kuita seunoshaya iwe une zvikwanisiro.
- 12 Mwana asingachemi anofira mumbereko.
- 13 Kurera imbwa nemukaka mangwana inofuma yokuruma.
- 14 Kuteya mariva wanza rimwe rinofuma rakabata rimwe rinopotsa.
- 15 Zvirahwe
- 16 Matsito
- 17 Pazvitsitsinho
- 18 Zimbabwe
- 19 Masvingo eZimbabwe, Mapako eChinhoi kana Mapopopo eVhikitoriya.
- 20 Mari
- 21 Zvirimwa
- 22 Kuropafadzwa
- 23 Tsvingu
- 24 Zunde
- 25 “Torai mwanangu wandisiireiko?” Vakadaro VaMarujata.

Tese tiri vanhu

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kududzira zvirahwe.
- f** kunyora zviito nezita.
- g** kunyora zambiringa munyemba vachipa chikonzero.
- h** kunyora rondedzero.
- i** kudoma mhuka nevana vadzo.
- j** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine zvirahwe.
- Bhambiri rine zviito nemazita.
- Bhambiri rine zambiringa munyemba.
- Bhambiri rine mhuka nevana vadzo.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji 41-47.

Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavadome vanhu vanorarama neurema. Ngavataure zvatino fanira kuvaitira. Mumapoka avo ngavaite chimutambo chevanhu vanorarama neurema uye mabatirwe avanoitwa. Boka rinenge ragona chimutambo ichi ndiro rinenge ratora mukombe.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revana ndeidzi:

- Vasingaoni, vasinganzwi, vanorarama neusope, vakaderera njere nevamwe.
- Kuvaratidza rudo, kuvabatsira mabasa, navo nezvimwe.
- Havasivo vakazvida. Mangwana unogona kuzorarama neuremawo.
- Kufamba navo, kuvabikira, kuvawachira, kuvadzidzisa mibato yemaoko nezvimwe.

Mazwi anoreva zvakafanana

a	vamugamuchira	e	akagamuchira
b	kukwazisa	f	akatambidza
c	kusemesa	g	mimba
d	unoshambirwa	h	ndokupona / ndokubara

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavaverenge ndima iyi vachiita majana. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|-----------|---|----------|-------------|
| 1 | Dudzirai | 4 | Mumoto |
| 2 | Mvura | 5 | Kuchipatara |
| 3 | Chimuti | 6 | Mwanakomana |
| 7 | Vaisada kuti asvike pachivanze chavo. | | |
| 8 | Vakabata komichi yainge yanwirwa mvura naDudzirai nekumucheto kwezvigunwe uye vakapisa komichi iyi. | | |
| 9 | Vainge vasununguka mwana ane urema hweusope. | | |
| 10 | Mai Togarepi vakabara mwana ainge akafanana urema naDudzirai wavaisema. | | |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo epfupiso. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure pfungwa dzepfupiso iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso iyi mubhuku rake.

D. Kududzira zvirahwe

Vadzidzi ngavadudzire zvirahwe zviri pabambiri. Mumapoka maviri vadzidzi ngavape zvirahwe rimwe boka richidudzira. Mudzidzisi ngaape zvibodzwa kuboka rinenge ragona kududzira zvirahwe. Boka rinenge rawana zvibodzwa zvakawanda ndiro rinenge ratora mukombe. Vadzidzi ngavadudzire zvirahwe zviri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzezvirahwe zviri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|---------|----|--------|
| 1 | gurwe | 6 | dhibha |
| 2 | banga | 7 | sadza |
| 3 | mumvuri | 8 | dohwe |
| 4 | pfuti | 9 | mbudzi |
| 5 | hope | 10 | howa |

E. Zviito nemazita

Vadzidzi ngavaite basa riri pabambiri. Mumapoka avo vana ngavanyore basa riri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|------------|----|-----------|
| 1 | murimi | 6 | veza |
| 2 | redza | 7 | muvaki |
| 3 | mudzidzisi | 8 | imba |
| 4 | nyora | 9 | imba |
| 5 | muponesi | 10 | mududziri |

F. Zambiringa munyemba

Vadzidzi ngavadome zambiringa munyemba riri pabambiri vachipa chikonzero. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite basa riri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaaita basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 chingwa – hachisi chiito.
- 2 dzimudzangara – harisi chinyorwa.
- 3 nzou – haigari pamba.
- 4 gejo – harigarwi.

- 5 gorosi – hachisi chicherwa.
- 6 ndiro – haisi chipfeko.
- 7 dhuku – haishandiswi kuchikoro.
- 8 ndiro – haisi nhengo yemuviri.
- 9 vhudzi – harina kuita mvura.
- 10 mbavha – harisi basa rekudzidzira.

G. Rondedzero yetsananguro

Kukosha kwevanhu

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo erondedzero. Ngavape pfungwa dzerondedzero iyi. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore rondedzero iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku rake.

H. Mazita emhuka neevana vadzo

Vadzidzi ngavadome mhuka nevana vadzo zviri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore mhuka mbiri nevana vadzo. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- | | |
|----------------------|---------------|
| 1 chiduwa | 6 mvuu |
| 2 mhembwe kana mhene | 7 chidharimbo |
| 3 ganyamatope | 8 tsuro |
| 4 wenyoka | 9 hove |
| 5 runga | 10 chigwihi |

I. Basa rekuita kumba

Vadzidzi ngavanoita basa riri mubhuku revadzidzi kumba kwavo.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|----------|------------------------|
| 1 mai | 6 shirikadzi |
| 2 sekuru | 7 tsikombi |
| 3 sheche | 8 bhuru/uzombe/handira |
| 4 sheche | 9 vagoyo |
| 5 jaya | 10 mambo |

J. Zviito zvinofambirana nekodzero

- 1 Kuchengetedza utano hwako.
- 2 Kudya uchipedza kudya kwawapihwa.
- 3 Kushamba nekuchisa zvipfeko.
- 4 Kuenda kukereke svondo rega rega.
- 5 Kuteerera vabereki vako.
- 6 Kutaura mashoko ane hunhu.
- 7 Usauraya/Kuzvichengetedza.

Kutandara pasichigare: Ngano yaTsure naGudo

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kupa tsumo dzinoreva zvakafanana.
- f** kunyora zvirevo zvina nyakuita nanyakuitirwa.
- g** kuzadzisa zvirevo nezwi rakakodzera.
- h** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rina nyakuita nanyakuitirwa.
- Bhambiri rine zvirevo.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji 48-53.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane kukosha kwengano. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite ngano.
Ngavasarudze vanasarungano vanoita ngano dzinonakidza vagoitira vamwe.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Dzaitaurwa vachishandura inzwi nekuita zvidobidobi zvoita kuti vana vavarairwe.
- Kuteerera vakuru, kushanda nesimba, kusaita misikanzwa, kugarisana nevamwe zvakanaka nezvimwe.
- Kuba, upfambi, kureva nhema, usimbe nedzimwe.
- Sarungano – mbuya, sekuru, vanhu vakuru.

Mazwi muuwandu

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|---------|----------|-----------|
| a | makudo | e | shamhu |
| b | hama | f | mazambuko |
| c | nzizi | g | madhongi |
| d | makumbo | h | mhepo |

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavaverenge ndima yenzwisiso. Ngavapindure mibvunzo yenzwisiso mumapoka. Mumwe nemumwe ngaapindure mibvunzo mukunyora.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|---|-----------|---|
| 1 | B | 6 | B |
| 2 | A | 7 | D |
| 3 | D | 8 | B |
| 4 | B | 9 | C |
| 5 | C | 10 | B |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataurirane zvinodiwa papfupiso. Mumapoka avo vadzidzi ngavataurirane pfungwa dzepfupiso iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso iyi mubhuku rake.

D. Tsumo dzinoreva zvakafanana

Vadzidzi ngavataure tsumo dzinoreva zvakafanana. Mumapoka avo vadzidzi ngavadome tsumo mbiri dzinoreva zvakafanana. Vadzidzi ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Ateya mariva murutsva haachatyi kusviba magaro.
- 2 Seka urema wafa.
- 3 Ndambakuudzwa akaonekwa nembonje pahuma.
- 4 Gona ana gona wakewo.
- 5 Onde kutsvukira kunze mukati mune masvosve.
- 6 Kurera imbwa nemukaka mangwana inofuma yokuruma.
- 7 Maonerapamwe chuma chemuzukuru.
- 8 Chisingaperi chinoshura.
- 9 Chida moyo zamu kumera pambabvu.
- 10 Sango rinopa waneta.

E. Nyakuita nanyakuitirwa

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nanyakuita uye nyakuitirwa. Mumapoka avo vadzidzi ngavape zvirevo vachitanga nanyakuitirwa.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Shamhu yatemwa negudo.
- 2 Tsuro yaberekwa negudo.
- 3 Hove yaredzwa nasekuru.
- 4 Rwendo rwakafambwa nevanhu.
- 5 Rwiyo rwavambwa naChenai.
- 6 Ndiro dzasukwa naRudo.
- 7 Komichi yaputswa naFarirai.
- 8 Chimera chakuyiwa nambuya.
- 9 Hondo yarwiwa nemagamba.
- 10 Mhembwe yabatwa nevarume.

F. Rondedzero

Rungano rwandakanzwa

Vadzidzi ngavataure ngano dzavakanzwa. Mumapoka avo vadzidzi ngavasarudze sarungano anogona kuita rungano runonakidza ozoitira vamwe. Vana ngavanyore rungano mumabhuku avo.

G. Mazita

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nemazita. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine mazita.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|----------|----|------------------|
| 1 | ninga | 6 | bikiro |
| 2 | gomarara | 7 | chiro |
| 3 | pfimbi | 8 | chimutsamapfihwa |
| 4 | daunha | 9 | nharirire |
| 5 | dununu | 10 | chitsaramvi |

H. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Mwana anozvarwa asina kusvika.
- 2 Murume akafirwa nemukadzi.
- 3 Musikana adarika zera rekuroorwa.
- 4 Musikana asingaroorwi.
- 5 Imba inorara vakomana.
- 6 Nhembe yeshure.
- 7 Mwana anozvarwa akafa.
- 8 Munhu anosunungusa madzimai vana.
- 9 Munhu anoita nhitembo kana kuti anonyora nhitembo.
- 10 Mombe inobviswa kana hama nehama dzichinge dzaroorana.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kushandisa madimikira mumitsara.
- f** kushandisa zvimiso mumitsara.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kupindura mibvunzo inoenderana nemwaka yegore.
- i** kupindura mibvunzo inoenderana nemwedzi yegore.
- j** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine madimikira.
- Bhambiri rine zvimiso.
- Bhambiri rine mwaka yegore.
- Bhambiri rine mwedzi yegore.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji 54-59.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure hope dzavakarota. Mumapoka avo ngavataure hope dzinotyisa uye dzinofadza.

Hurukuro

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Kurota uchidzingirirwa, kurota uchida kurumwa nechikara, kurota uchida kuuraiwa nedzimwe.
- Kurota wafirwa nehama, kurota uchibirwa nedzimwe.
- Kurota une mari, uchibudirira pazvidzidzo, uchiyambuka rwizi nedzimwe.
- Usiku kana kuti manheru vavata.

Mazwi anoreva zvakafanana

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- | | | | |
|----------|-----------|----------|-----------------|
| a | meso | e | zvizhinji |
| b | mambo | f | mabwe |
| c | magwiriri | g | yakandigashidza |
| d | sahwira | h | dzakawanda |

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavaverenge ndima vachiita majana. Ngavapindure mibvunzo yavachabvunzwa nemudzidzisi wavo. Mumapoka vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mapindurirwo emibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi ndeaya:

- | | | | |
|----------|------------------------------------|-----------|-----------------------------|
| 1 | chirairo | 6 | shoroma |
| 2 | kuChiadzwa | 7 | yekuAmerica |
| 3 | Munyaradzi naTarusenga | 8 | kurara |
| 4 | Munyor | 9 | hope |
| 5 | kutenga motokari uye kuvakisa imba | 10 | Akaona kuti chaive chiroto. |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataure manyorerwo epfupiso. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure pfungwa dze pfupiso iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso iyi mubhuku rake.

D. Kushandisa madimikira mumitsara

Vadzidzi ngavashandise madimikira ari pabhambiri mumitsara. Mumapoka avo ngavaumbe zvirevo zviviri zvine madimikira.

Mitsara inogona kuumbwa nemadimikira ari mubhuku revadzidzi ndeaya:

- 1 Chipa aida kukasira kusvika kumba saka akabva akanda tsoka.
- 2 Pakaridzwa pito Mukai akatanga kuita ushamwari nemhepo.
- 3 Mwana uyu akarota ava kuda kuinda kwamupfiganebwe.
- 4 Paakapinda mumachira akatanga kuisa matama pasi.
- 5 Pakashaika baba vake vakatanga kunonga svosve nemuromo.
- 6 Mufaro naFarai vakakaruka vava kuita mambunga.
- 7 Hazvifadzi vazhinji kuva hari yofanzirofa.
- 8 Kudakwashe ainge achiri kutemwa dzinobuda ropa.
- 9 Hazvina kunaka kupinda nemwenje madziva.
- 10 Paakawana basa ainge ave kupura nyemba nemusana.

E. Zvimiso: (. “ ” ? ,)

Vadzidzi ngavataure panoshanda zvimiso izvi. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine zvimiso izvi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi achishandisa zvisimo zvakapiwa.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Akaenda kuChiadzwa naMunyaradzi, Tarusenga, Nhamoinesu, Tapera naTawanda.
- 2 Wawana madhaimbondi here?
- 3 “Ndamawana zvokuti ndichatotenga motokari nekuvakisa imba. Akadaro Tarusenga.”
- 4 Ndakashaya remuromo.
- 5 Unofunga kuti hope idzi dzinorevei?
- 6 “Ndinofunga kuti dzinoreva kuti ndichapfuma.” Akapindura Munyaradzi.
- 7 Ndagashidzwa mari zhinji.
- 8 “Uchaidya nani mari iyi?” Vakabvunza baba.
- 9 “Ndakazoti pepu wanike chiroto.” Vakadaro mukoma Jokwe.
- 10 “Ndinofarira kunyora rondedzero, nhetembo, nyaya, hurukuro netsamba.” Akadaro Piwai.

F. Rondedzero yetsananguro

Hope dzinofadza dzandakarota

Vadzidzi ngavataurirane hope dzinofadza. Mumapoka avo ngavanyore rondedzero iyi vovoverengerana. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

G. Mwaka yegore

Vadzidzi ngavadome mwaka yegore. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure zvavanoziva pamwaka mumwe nemumwe. Ngavapindure mibvunzo iri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|----------------------|----|----------------------------|
| 1 | Mina | 6 | Chando |
| 2 | Zhizha kana Masutso. | 7 | Chando |
| 3 | Munakamwe | 8 | Zhizha kana Masutso. |
| 4 | Chirimo | 9 | Munakamwe neZhizha/Masutso |
| 5 | Zhizha kana Masutso. | 10 | Chando neChirimo. |

Mwedzi yegore

Vadzidzi ngavadome mwedzi yegore neChiShona. Ngavataure zvinozivikanwa pamwedzi mumwe nemumwe mumapoka. Mumwe nemumwe mudzidzi ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|---------------|----|----------------------|
| 1 | Gumi nemiviri | 6 | Nyamavhuvhu |
| 2 | Chikumi | 7 | Bandwe kana Chivabvu |
| 3 | Kubvumbi | 8 | Gunyana |
| 4 | Ndira | 9 | Nyamavhuvhu |
| 5 | Zvita | 10 | Gumiguru |

H. Basa rekuita kumba

Mwaka wandinofarira

Vadzidzi ngavanyore rondedzero iyi mumabhuku kudzimba dzavo vagouya voverengerana zuva rinotevera.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kuzadzisa zvirevo nefananidzo.
- f** kunyora zvirevo vachiisa mavara makuru pakakodzera.
- g** kunyora hurukuro.
- h** kunyora mitambo yekare neyanhasi.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Rwiyo panharembosha.
- Bhambiri rine fananidzo.
- Bhambiri rine mavara makuru.
- Bhambiri rine mitambo yekare neyanhasi.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji 60-65.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure zvavakambonzwa maererano nehondo yechimurenga. Mumapoka avo ngavaite chimutambo chehondo yechimurenga. Boka rinenge raita zvinonakidza ndiro rinenge ratora mukombe.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeizi:

- Britain.
- Zviviri.
- Musi wa18 Kubvumbi.
- Kuimba, kutaura nezvehondo yechimurenga nerusununguko uye kudya.

Mazwi muushoma

Mhinduro dzemazwi muushoma ari mubhuku revadzidzi ndeizi:

- | | | | |
|---|------------|---|----------|
| a | munhu | e | mutema |
| b | muenzi | f | muridzo |
| c | mupambevhu | g | chokudya |
| d | mwana | h | fodya |

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavaverenge ndima vachiita majana. Ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaapindure mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeizi:

- | | | | |
|---|---|----|---|
| 1 | D | 6 | B |
| 2 | C | 7 | A |
| 3 | B | 8 | D |
| 4 | C | 9 | A |
| 5 | D | 10 | C |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataure manyorerwo epfupiso. Ngavataure pfungwa dzepfupiso iyi mumapoka. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso iyi.

D. Kuzadzisa zvirevo nefananidzo

Vadzidzi ngavataure mashandire efananidzo. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nefananidzo mumapoka. Mumwe nemumwe ngaanyore zvirevo zviri mubhuku revadzidzi achizvizadzisa nefananidzo.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|-----------|------------|
| 1 derere | 6 dombo |
| 2 ngirozi | 7 kiti |
| 3 inda | 8 chapungu |
| 4 nyoka | 9 shiri |
| 5 tsanga | 10 mvumba |

E. Mavara makuru

Vana ngavataure panoshanda mavara makuru. Mumapoka avo ngavanyore zvirevo zvine mavara makuru. Mumwe nemumwe ngaanyore zvirevo zviri mubhuku revadzidzi achiisa mavara makuru pakakodzera.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Zuva rerusununguko muZimbabwe rakapembererwa kwaMupandawana.
- 2 Mai Samatanga ndivo vakavamba rwiyo.
- 3 Akanga achiridza ngoma ndiMunyoro.
- 4 Kare nyika ino yainzi Rhodesia.
- 5 Akaita nhetembo inochemedza ndiShumirai Machonesa.
- 6 Mai vake vanoera Shiri, baba vake vanoera Beta.
- 7 Nezuro ndakapfuura nekuKwekwe apo ndaienda kuKadoma.
- 8 Nyika yeZimbabwe yakambotongwa naVaMugabe.
- 9 Kubva muna Ndira, kusvikira muna Zvita hondo yainge ichingorwiwa.
- 10 Nemusi weMugovera ndichaenda kuZambia naMakomborero.

F. Rondedzero yehurukuro

Hurukuro pakati paSabhuku nemurwi wehondo yechimurenga.

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo ehurukuro. Mumapoka avo ngavaite hurukuro iyi vachiita sechimutambo. Ngavasarudze shasha dzehurukuro dzinozoitira vamwe. Vadzidzi ngavanyore hurukuro iyi vachishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

G. Mitambo yekare neyanhasi

Vadzidzi ngavataure mitambo yekare neyanhasi. Mumapoka avo ngavasarudze mutambo wavanoda kuita voita sechimutambo. Mumwe nemumwe ngaaita basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeizi:

Mitambo yekare

- 1 sarura wako
- 2 chitsveru
- 3 hero sadza mukupe
- 4 chamuhwande-hwande
- 5 chidhanga-chidhanga

Mitambo yanhasi

- 6 ragibhi
- 7 chesi
- 8 tenisi
- 9 hoki
- 10 nhabvu

H. Basa rekuita kumba

Rondedzero: Mmemberero yandakaona

Vadzidzi ngavanonyora rondedzero iyi kumba vozouya voverengerana vachitaurirana zvagonekwa nezvatadzwa.

Bepa rekutanga

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revana ndeidzi:

- | | | | |
|----|---|----|---|
| 1 | B | 21 | A |
| 2 | C | 22 | B |
| 3 | C | 23 | D |
| 4 | A | 24 | B |
| 5 | D | 25 | D |
| 6 | C | 26 | C |
| 7 | A | 27 | A |
| 8 | B | 28 | C |
| 9 | C | 29 | B |
| 10 | B | 30 | D |
| 11 | C | 31 | C |
| 12 | D | 32 | D |
| 13 | D | 33 | D |
| 14 | B | 34 | A |
| 15 | D | 35 | B |
| 16 | B | 36 | C |
| 17 | C | 37 | D |
| 18 | A | 38 | A |
| 19 | D | 39 | B |
| 20 | C | 40 | C |

Bepa rechipiri

Chikamu chekutanga: Rondedzero

Vadzidzi ngavasarudze musoro mumwe chete vagonyora nezvawo pamisoro inoti:

- 1 Rondedzera mhemberero yawakaona.
- 2 Nyora mhan'aro kumukuru wemapurisa yekubirwa kwawakaita mari.
- 3 Nyora tsamba kushamwari yako uchimukoka kuzororo rinotevera.
- 4 Nyora hurukuro pakati pemukuru wechikoro nemwana anoshungurudzwa kumba kwavo.
- 5 Kukosha kwevarapi.

Chikamu chechipiri

Mhinduro dzemibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 ndiBatsirai
- 2 VaChikwetu
- 3 Wadzanai
- 4 dangwe
- 5 tsika dzakanaka

Pfupiso

Vadzidzi ngavanyore pfupiso iyi vachitevedza uwandu hwemazwi hwakataurwa.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kutsangura zvinoreva tsumo.
- f** kunyora zvirevo nemazwi ezviito.
- g** kunyora tsamba kuhama.
- h** kupindura mibvunzo inoenderana negirafu.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine nguva dzezviito.
- Bhambiri rine mazwi ezviito.
- Bhambiri rine tsamba kuhama.
- Girafu.
- Ngoma nehosho.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji 74-80.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane zvinoitwa pachitendero cheChiKirisitu. Mumapoka avo vadzidzi ngavaimbe pamwe nekudzana vachiridza hosho nengoma. Boka rinenge raita zvidobi-dobi kukunda mamwe mapoka ndiro rinenge rabudirira pachidzidzo ichi.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Munhu anotendera kuna Jesu Kirisitu.
- Vanoimba nziyo, vanoparidza shoko raMwari uye vamwe vanoridza zviridzwa vachidzana kana kutamba.
- Nziyo dzechitendero.
- DzaSauro, dzemupfumi naRazaro, dzemukomana wakarasika nedzimwe.

Mazwi anoreva zvakafanana

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|-------------|----------|---|
| a | kutodzana | f | Musikavanhu, Samatenga, Mutangakugara, Samasimba kana Nyadenga. |
| b | kurava | g | zvipeko |
| c | dzainetseka | h | ndokunamata |
| d | dzaaiyamura | | |
| e | ngoni | | |

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavaverenge ndima vachiita majana. Ngavapindure mibvunzo yavachabvunzwa nemudzidzisi. Mumwe nemumwe ngaapindure mibvunzo iri mubhuku revadzidzi achinyora.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|------------------------|-----------|---------------------------------|
| 1 | chekuruka nekusona | 6 | waJesu |
| 2 | ndiMufundisi Foto | 7 | chitunha |
| 3 | shirikadzi dzaitambura | 8 | afa kana ashaika |
| 4 | ndiPeter | 9 | aivabatsira achivapa zvekupfeka |
| 5 | kuJopa | 10 | kubatsira vanotambura |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo epfupiso. Ngavataure pfungwa dzepfupiso iyi mumapoka. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso iyi mubhuku rake.

D. Kuziva zvinoreva tsumo

Vadzidzi ngavataure zvinoreva tsumo dziri pabhambiri. Mumapoka avo ngavatsvake tsumo mbiri vagonyora zvadzinoreva. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|---|----|---|
| 1 | C | 6 | D |
| 2 | D | 7 | C |
| 3 | A | 8 | D |
| 4 | B | 9 | C |
| 5 | C | 10 | B |

E. Nguva dzezviito

Vadzidzi ngavataurirane nguva dzezviito. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nenguva dzezviito. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvitatu zvenguva dzezviito. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|-------------|----|----------------|
| 1 | akabatsira | 6 | ndichatenga |
| 2 | ari kuchema | 7 | yakafa |
| 3 | ndicharuka | 8 | vachashanyira |
| 4 | akaparidza | 9 | ndarinzwa |
| 5 | ndashandisa | 10 | ndiri kunamata |

Kushandisa mazwi ezviito

Vadzidzi ngavashandise mazwi ezviito muzvirevo. Ngavaumbe zvirevo zvine mazwi ezviito mumapoka. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|------------|----|-----------|
| 1 | kurumura | 6 | kuroora |
| 2 | kukwata | 7 | kupfimba |
| 3 | kusvusvura | 8 | kusakura |
| 4 | kufuka | 9 | kuvhima |
| 5 | kuraira | 10 | kuzvarira |

F. Rondedzero yetsamba kuhama

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo etsamba kuhama. Mumapoka avo ngavataure pfungwa dzetsamba iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore tsamba iyi mubhuku rake.

G. Nzwisiso yegirafu

Vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|---------------------------|----------------------------|
| 1 vashanu | 6 vana makumi maviri |
| 2 makumi maviri nevashanu | 7 kudhidha |
| 3 kumhanya | 8 vana makumi mashanu |
| 4 makumi mana nevashanu | 9 vana gumi nevashanu |
| 5 vashanu | 10 vana makumi mapfumbamwe |

H. Basa rekuita kumba

Mazwi akafanana asi achireva zvakasiyana.

Zvirevo zvinogona kuumbwa nemazwi ari mubhuku revadzidzi ndeizvi:

- 1 Vana vechikoro vari kudzidza.
Vauya vari vakomana vana.
- 2 Iwe usafarira kureva nhema.
Ane bhutsu nhema.
- 3 Mwana uyu ane guma.
Mai vakaguma kuita vana.
- 4 Edza kunyora zvakanaka.
Chenai akatemerwa nyora.
- 5 Mwana uyu anogara achifara.
Achera muhomba wakafara.
- 6 Usaruma-ruma nzara.
Mberi kwenzara maguta.
- 7 Baba varova mwana.
Mazuvano arova handichazivi kumuona.

- 8 Hapana mombe inofurira ivete.
Iwe usamufurira kuba.
- 9 Munenge marara nenzara imi.
Isa marara mugomba.
- 10 Tamba uri kuchiedza uko.
Nhasi kuchiedza ndichaenda kuHarare.
- 11 Mazana enyuchi.
Chikoro chedu chine vana zana.
- 12 Sekuru vangu vakwegura.
- 13 Mwana anga akachena pamuchato.
Akapfeka hembe chena.
- 14 Chidya chikafu chichiri kupisa.
Ndinofarira kudya chidya chehuku.

Mitambo yepasichagare: Jerusarema

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kushandisa nyaudzosingwi mumitsara.
- f** kudoma zambiringa munyemba.
- g** kunyora mhan'aro.
- h** kuzadzisa zvirevo nemazwi eukama.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Makadhi ane basa remapoka.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Mifananidzo yevanhu vari kudzana.
- Bhambiri rine nyaudzosingwi.
- Bhambiri rine zambiringa munyemba.
- Bhambiri rine mhan'aro.
- Bhambiri rine ukama.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji82-87.

Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure mitambo yepasichigare yavanoziva. Ngavaite mimwe mitambo yepasichigare mumapoka avo. Boka rinenge raita zvinofadza ndiro rinenge ratora mukombe.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Inovaraidza nekutandadza.
- Sarura wako, chidhanga-chidhanga, jerusarema, mhande, muchongoyo, mbakumba nemimwe.
- Kuvarairwa nekutandara.

Mazwi anopikisana

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- a** nhasi kana iko zvino
- b** vaenda
- c** nhasi
- d** vakasviba
- e** vakomana
- f** kure
- g** pedyo
- h** vanhukadzi

B. Nzwisiso

Mitambo yepasichigare Jerusarema

Vadzidzi ngavaverenge mazwi. Ngavataure zvinoreva mazwi. Ngavaverenge vachiita majana. Mumapoka vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|---|-----------|---|
| 1 | D | 6 | C |
| 2 | B | 7 | D |
| 3 | D | 8 | B |
| 4 | C | 9 | D |
| 5 | A | 10 | A |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataurirane zvinotarisirwa pakunyora pfupiso. Ngavataurirane pfungwa dzepfupiso iyi mumapoka avo. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso iyi.

D. Kushandisa nyaudzosingwi mumitsara

Vadzidzi ngavataure nyaudzosingwi. Ngavadzishandise mumitsara. Ngavashandise nyaudzosingwi dziri pabhambiri mumitsara. Mumapoka avo vadzidzi ngavatsvake nyaudzosingwi mbiri vodzishandisa mumitsara.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi dzinogona kuva idzi:

- 1 Ndakaona mashizha akati yangarara pamusoro pemvura murwizi.
- 2 Dutavanhu rakati hutu kuenda.
- 3 Shiri dzakati mwanda padzakaposhewa nedombo.
- 4 Upfu hwainge hwadirwa mvura hukati nyakata.
- 5 Mwana akati kwetsu mhere yainzwika munharaunda yose.
- 6 Upfu hwainge hwakati ngwerewere kuchena.
- 7 Vanhu vakati chechetera kugara pamumvuri.
- 8 Akati kunun'unu kufunga nhamo dzake.
- 9 Vanhu vakati dungwe rongondo vakananga kumushandirapamwe.
- 10 Akanzi nemago ndure padama.

E. Zambiringa munyemba

Vadzidzi ngavatsanangure zvinoreva zambiringa munyemba. Ngavadome zambiringa munyemba pamazwi ari pabhambiri. Ngavape chikonzero. Mumapoka vadzidzi ngavaite basa riri pamakadhi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Dombo – harimeri.
- 2 Tsuro – haigari mumvura.
- 3 Mbizi – haibhururuki.
- 4 Munda – haugari mvura.
- 5 Bhuku – haririri.
- 6 Chikepe – hachifambi mumugwagwa.
- 7 Chigaro – hachiwanikwi mudenga.
- 8 Hove – haiwanikwi pasina mvura.

- 9 Nyoka – haidyiwi.
- 10 Tsamba – haifambisi mashoko mumhepo.

F. Rondedzero

Mhan'aro kumukuru wechikoro yemutambo wawakaona.

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo emhan'aro. Ngavataure pfungwa dzemhan'aro iyi. Mumapoka avo ngavanyore mhan'aro iyi vagoiverenga. Mumwe nemumwe ngaanyore mhan'aro iyi mubhuku make achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

G. Mazita eukama

Vadzidzi ngavatsanangure ukama hwavanoziva. Ngavazadzise basa riri pabhambiri nezwi reukama. Mumapoka vadzidzi ngavaite basa riri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|-------------|--------------|
| 1 vatete | 6 muzukuru |
| 2 tsano | 7 sekuru |
| 3 muramu | 8 muroora |
| 4 vatezvara | 9 babamunini |
| 5 mukuwasha | 10 bamunini |

H. Basa rekuita kumba

Vadzidzi vanogona kutsanangura ukama huri mubhuku revadzidzi seizvi:

- 1 Varume vakaroorera pamwe chete.
- 2 Hanzvadzi yemudzimai.
- 3 Mwana wamai vako mudiki kwauri.
- 4 Munin'ina wamai vako kana mwanasikana wehanzvadzi yamai vako.
- 5 Munin'ina wemudzimai vako kana munin'ina wemurume wako.
- 6 Mukadzi wemwana wako.
- 7 Murume wemwana.
- 8 Mai vemurume wako.
- 9 Mwana wavatete vako kana mwana wehanzvadzi yako.
- 10 Vakadzi vakaroorwa pamusha mumwe chete.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kududzira zvirahwe.
- f** kutaura nekunyora mabasa emidziyo.
- g** kunyora tsamba yebasa.
- h** kudoma matare asabhuku neaishe nemhosva dzinotongwako.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Makadhi ane basa remapoka.
- Zvitaita zvine mazwi.
- Bhambiri rine zvirahwe.
- Bhambiri rine midziyo.
- Bhambiri rine tsamba yebasa.
- Bhambiri rine matare edzimhosva.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji 88-94.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavadome zvirwere zvavanoziva. Mumapoka avo ngavataure kuti zvirwere zvinoparadzirwa nei.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Bharaziya, korera netaifoidhi.
- Chikosoro nerurindi.
- Mhezi, zvisasa, gwirikwiti nezvimwe.
- Rurindi, rebhisi, tungundu nezvimwe.

Mazwi muuwandu

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|----------|----------|---------|
| a | zvirwere | e | masanhu |
| b | vanhu | f | nzizi |
| c | zvimbuzi | g | hozhwa |
| d | shangu | h | mvura |

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavaverenge mazwi vagotsanangura zvaanoreva. Ngavaverenge ndima yenzwisiso vachiita majana. Mumapoka vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Bharaziya
- 2 Kutambira kana kugeza mvura yakashama.
Kana ane chirwere akaitira wiwi mumvura yakashama isingaereri.
- 3 Chinoita kuti munhu asaita mbereko.
- 4 Muchimbuzi
- 5 Kuitira wiwi pasi.
- 6 Munhu wese.
- 7 Utachiona hwebharaziya hunenge huchidya chikafu chiri mumuviri.
- 8 Kuuraya utachiona hwebharaziya.
- 9 Hozhwa inogara mumvura.
- 10 Kusaita vana kana kusazvara vana.

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo epfupiso. Mumapoka avo vadzidzi ngavape pfungwa dzepfupiso iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso iyi.

D. Kududzira zvirahwe

Vadzidzi ngavadudzire zvirahwe zviri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite zvirahwe vari mumapoka maviri mudzidzisi achipa zvibodzwa. Boka rinenge rawana zvibodzwa zvizhinji ndiro rinenge rabudirira. Mumwe nemumwe ngaadudzire zvirahwe zviri mubhuku revadzidzi achinyora.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeizi:

- | | | | |
|---|----------|----|----------|
| 1 | rinda | 6 | matohwe |
| 2 | badza | 7 | mhanza |
| 3 | sadza | 8 | huku |
| 4 | mapfihwa | 9 | gotsi |
| 5 | bhande | 10 | runhanga |

E. Midziyo

Vadzidzi ngavadome midziyo yavanoziva. Ngavataure mabasa emidziyo mumapoka. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeizi:

- | | | | |
|---|-----------|----|---------|
| 1 | rusero | 6 | rupasa |
| 2 | denhe | 7 | sando |
| 3 | dengu | 8 | banga |
| 4 | zvitiropo | 9 | muururo |
| 5 | tyava | 10 | musika |

F. Rondedzero yetsamba yebasa

Nyora tsamba kumukuru wezveutano uchimuudza chirwere chanetsa mudunhu menyu.

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo etsamba yebasa. Ngavataure pfungwa dzetsamba iyi mumapoka avo. Mumwe nemumwe ngaanyore tsamba iyi mubhuku make.

G. Matare ematunhu

Vadzidzi ngavataure matare nemhosva dzinotongwapo. Mumapoka vana ngavaite chimutambo chekupara mhosva voenda kumatare. Boka rinenge raita zvinonakidza ndiro rinenge ratora mukombe. Vadzidzi ngavaite basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

Dare raSabhuku

- 1 Kudyisirana minda
- 2 Kutukana nezvinonyadzisira
- 3 Kurovana
- 4 Kudongorera munhu achigeza
- 5 Kuba huku yemuvakidzani

Dare raShe

- 6 Kutorerana madzimai
- 7 Kupaza pamba pemunhu
- 8 Kupumhana uroyi
- 9 Kupisirana imba
- 10 Kurambana

H. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- 1 Kurwisa muvengi kana kupfura mhuka.
- 2 Kutakura zvirimwa, nhumbi kana huni.
- 3 Kufambisa nekutakura vanhu nenhumbi.
- 4 Kuisa zvirimwa zvatanhwa muminda kana murivo.
- 5 Kuisira zvokudya.
- 6 Kuburisa muriwo nekudyisa.
- 7 Kukangira zvekudya senyama kana mhandire.
- 8 Kurara
- 9 Kugara
- 10 Kugaya chibage, mashazhare, mupunga kana dovi.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kuronga mazwi epfupiso zvakanaka.
- f** kushandisa nyora.
- g** kunyora mazwi anoreva zvinopikisana.
- h** kunyora rondedzero.
- i** kuverenga mepu.
- j** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Makadhi ane basa remapoka.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine zvinyora.
- Bhambiri rine mazwi anopikisana.
- Mepu.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji 95-101.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane nzvimbo dzinoyera zvavakanzwa. Mumapoka avo ngavataurirane zviera-era zvenzvimbo idzi.

Hurukuro

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Makomo, nzizi, mapako nedzimwe.
- Unogona kunyangarikiramo.
Unobatwa nechadzimira kana kupenga.
- Haufaniri kurotomoka kana kushora zviri panzvimbo idzi.
Haufaniri kudhidha mumadziva.
- Unobatwa nechadzimira, unorwara njere, unowira mudziva nezvimwe.

Mazwi anoreva zvakafanana

Mhinduro dzemazwi ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- a** rinoshamisa
- b** mhere-mhere
- c** zvipfeko
- d** vanochengeta
- e** yairuta
- f** akasvikotambirwa
- g** mafungu
- h** bundo

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavaverenge mazwi vagotsanangura zvaanoreva. Ngavaverenge ndima iyi vachiita majana. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|---|-----------|---|
| 1 | D | 6 | C |
| 2 | C | 7 | B |
| 3 | D | 8 | A |
| 4 | A | 9 | B |
| 5 | D | 10 | D |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataure pfungwa huru dzenyaya iyi. Mumapoka avo ngavanyore pfupiso iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso iyi mubhuku rake.

D. Kuronga mazwi etsumo zvakanaka

Vadzidzi ngavaronge mazwi etsumo dziri pabhambiri. Mumapoka avo ngavaronge tsumo dziri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzisi ndeidzi:

- | | |
|--|----------------------------------|
| 1 Moyo muti unomera paunoda. | 6 Mazvokuda mavanga enyora. |
| 2 Afamba apota. | 7 Nzombe huru yakabva mukurerwa. |
| 3 Chindiro chinopfumba kunobva chimwe. | 8 Seri kweguva hakuna muteuro. |
| 4 Kumuzinda hakuna woko. | 9 Chakafukidza dzimba matenga. |
| 5 Muromo hauzarirwi nerwizi. | 10 Pfavira ngoma usika urefu. |

E. Kushandisa nyora (“ ”)

Vadzidzi ngavataurirane panoshanda zvinyora. Mumapoka avo ngavaumbe zvirevo zvine zvinyora. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 “Izvo zvavambwa naMusvetu yekukara iyi.” Akadaro Tsungirirai.
- 2 “Zvedu zvaita. Dzawira mutswanda kunongera hadzichanetsi!” Akadaidzira Shoorai.
- 3 Anesu akati, “Uya zvako nepano tidhidhe tinakirwe.”
- 4 “Yowe-e kani! Vana vapinda mudziva! Yowe-e !” Akachema Tsungirirai.
- 5 “Chii chandikakata icho?” Akadaro Vimbai. “Chikagoita sechikara wani?”
- 6 “Uteerere zvaunoudzwa iwe.” Vakadaro mbuya. “Ukasateerera unopinda mumatambudziko.”
- 7 “Munotaura chokwadi.” Akadaro Chengeto. “Izvo dai ndakateerera ndisina kupinda mumatambudziko.”
- 8 “Munzvimbo muno,” vakadaro Sabhuku, “maita shura guru,” vakaenderera mberi, “shura renjuzu yarura parwizi.”
- 9 “Dai zvaibvira,” vakapindura VaRwauya, “maidzidzisa vanhu nezvenzvimbo dzinoyera.”
- 10 “Uya uzvionere,” vakadaro Ishe, “zvandinogarotaura zviya,” vakaenderera mberi, “zvekuti musatambira mumvura munotorwa nenjuzu.”

F. Mazwi anoreva zvinopesana

Vadzidzi ngavataure mazwi anoreva zvinopikisana. Ngavataure mazwi anoreva zvinopikisana neari pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore mazwi anoreva zvinopikisana neari pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mumabhuku evadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|----------|----|----------------------|
| 1 | murongo | 6 | adzura |
| 2 | dzakaoma | 7 | ruboshwe |
| 3 | varipo | 8 | mutorwa |
| 4 | gotwe | 9 | chiedza |
| 5 | nzara | 10 | akakoshiwa/akanganwa |

G. Rondedzero

Tsanangura zuva rawakapona nepavende

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo erondedzero. Mumapoka avo ngavataure pfungwa dzerondedzero iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

H. Kuverenga mepu

Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yemurairidzi inoenderana nemepu. Mumapoka vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|---|----|---------------------------|
| 1 | ndeyeAfrica | 7 | Cairo |
| 2 | South Africa, Botswana, Namibia, Zimbabwe, Mozambique | 8 | Indian |
| 3 | Egypt, Libya, Algeria | 9 | Mozambique neSouth Africa |
| 4 | Gaborone | 10 | Mozambique |
| 5 | South Africa | | |
| 6 | Dar-es-Salaam | | |

I. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 muchekadzafa
- 2 chirera nherera
- 3 chimutsamapfihwa
- 4 pasichigare
- 5 teteguru
- 6 muchekadzafa
- 7 chigaravakwati
- 8 makarekare
- 9 chimbwamupengo
- 10 mawiramombe

Dzokororo yechipiri

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 ndiTaso
- 2 VaMahwehwe
- 3 Mudzimudzangara
- 4 Sanangurai
- 5 Kuitira wiwi mumagumbeze
- 6 Kuzivisa mapurisa
- 7 Kushungurudza mwana kana kurova mwana
- 8 Kuuraya
- 9 Yakabva paupwere
- 10 Matende mashava
- 11 Risina mhodzi
- 12 Uchi
- 13 Mhanza
- 14 Mhiripiri
- 15 Chiya
- 16 Umo
- 17 Iri
- 18 Mukuru wechikoro
- 19 Tsvakai Rwodzi
- 20 Kariba
- 21 Chinhoi
- 22 Magetsi
- 23 Hove
- 24 Zuva ravira
- 25 Tsvakai akati, “Kana uri muchikepe unenge uchitoita seuri mumba.”

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kunyora tsumo dzemhuka.
- f** kuumba mazwi.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kunyora zviito zvinoenderana nemazita.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine zvokuumba mazwi.
- Bhambiri rine zviito nemazita.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji 105-109.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure mhando dzemushandirapamwe. Ngavataure zvakare zvakanakira mushandirapamwe mumapoka.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Chara chimwe hachitswanyi inda.
Ndarira imwe hairiri mugumbo.
- Kurima, kusakura, kupfuwa huku, kuchera mufudze.
- Unoita kuti vanhu vabatsirane.
Basa rinoreruka kana makawanda.
Unobatanidza vanhu.
- Unononoka kupedza, rinorwadza kuriita.

Mazwi muushoma

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- a chirimwa
- b mhanza
- c mvura
- d mukove
- e mbatatisi
- f mushonga
- g bhinzi
- h munhu

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavaverenge hurukuro iyi vachiita sechimutambo. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|-------------------------|--|
| 1 kwaMurambinda | 6 Vanotenga mbeu nemishonga imwe mari vogovana |
| 2 VaNgorima | 7 Vanogovana |
| 3 2017 | 8 bhinzi, chibage nembatatisi. |
| 4 mudhamu reMarovanyati | |
| 5 bhinzi | |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavayeuchidzane manyorerwo epfupiso. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure pfungwa dzepfupiso iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso iyi achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

D. Tsumo dzine mazita emhuka

Vadzidzi ngavataurirane tsumo dzine mazita emhuka. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore tsumo dzine mazita emhuka. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Nyoka huru haizvirumi.
- 2 Dzvinyu kuzambira zuva kuona mwena.
- 3 Gudo kuipa kuipa zvaro asi haridiyi chakafa choga.
Gudo guru peta muswe kuti vadiki vakutye.
- 4 Tsuro haiponi murutsva kaviri.
- 5 Mbira yakashaiwa muswe nekutumira.
- 6 Kure kwegava ndokusina mutsvubu.
- 7 Mhembwe rudzi inozvara mwana ane ruzhumwi.
- 8 Gunguwo zvarakatya mapapata aro mangani.
- 9 Charova sei chando chakwidza hamba mumuti.
- 10 Ngwenha haidyi chebamba chayochinoza neronga.

E. Kuumba mazwi

Vadzidzi ngavabatanidze mazwi ari pabhambiri kuumba inzwi rine zvarinoreva. Mumapoka vadzidzi ngavaumbe mazwi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|----------------------|----------------|
| 1 goremuचे | 7 babamukuru |
| 2 chipukandipemwenje | 8 murambamhuru |
| 3 tsvarakadenga | 9 rovambira |
| 4 chiriporipocho | 10 tsvimborume |
| 5 mukadzinyina | |
| 6 chigadzamapfihwa | |

F. Rondedzero

Mushandirapamwe munzvimbo medu

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo erondedzero. Mumapoka vadzidzi ngavanyore rondedzero iyi vozoverengerana. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku make.

G. Zviito nemazita

Vadzidzi ngavadome zviito zvinoenderana nemazita ari pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure zviito zvinoenderana nemazita. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 kama mombe
- 2 sima muriwo
- 3 chera mvura
- 4 umbura nyimo
- 5 dzura nzungu
- 6 diridza muriwo
- 7 vaka imba
- 8 fudza mombe
- 9 chera gomba
- 10 tsvaira mumba

H. Basa rekuita kumba

Vadzidzi ngavanonyora tsumo gumi dzine mazita emhuka vari kumba kwavo.

Mubatanidzwa wenyika dzekuchamhembe kweAfrica (SADC)

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kuzadzisa zvirevo nefananidzo.
- f** kuisa mazwi muuzhinji nemuushoma.
- g** kunyora batanidzo nepatsanuro yamazwi.
- h** kunyora tsamba kushamwari.
- i** kuzadzisa zvirevo netsika dzechivanhu.
- j** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Makadhi ane basa remapoka.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Mepu yeAfrica.
- Bhambiri rine fananidzo.
- Bhambiri rine uzhinji neushoma.
- Bhambiri rine batanidzo nepatsanuro yamazwi.
- Bhambiri rine tsamba kushamwari.
- Bhambiri rine zvetsika dzechivanhu.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji 110-116.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure kukosha kwemibatanidzwa yenyika. Mumapoka avo ngavataure mibatanidzwa yenyika yavanoziva.

Hurukuro

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Kurima, kupura, kukohwa, kupfuya zvipfuyo.
- Munobatsirana mabasa, munokasika kupedza basa. Munobatana.
- Mari, goho guru.
- Kuwanda huuya museve wakapotera pamuzukuru.

Mazwi muuwandu

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|----------|---|--------------|
| a | nyika | e | madzisahwira |
| b | mapato | f | mabasa |
| c | shamwari | g | nhamo |
| d | mhuka | h | gomarara |

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavaverenge mazwi matsva vagotaura zvaanoreva. Ngavaverenge ndima iyi vachiita majana. Mumwe nemumwe ngaapindure mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|---|----|---|
| 1 | C | 6 | C |
| 2 | D | 7 | D |
| 3 | B | 8 | A |
| 4 | C | 9 | B |
| 5 | D | 10 | C |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavayeuchidzane manyorerwo epfupiso. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure pfungwa dzepfupiso iyi. Mumwe nemumwe ngaabatanidze pfungwa idzi kunyora pfupiso.

D. Kuzadzisa zvirevo nefananidzo

Vadzidzi ngavataure panoshanda fananidzo. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nefananidzo. Mumapoka avo ngavaumbe zvirevo zvine fananidzo. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|---------|----|---------|
| 1 | muroyi | 6 | mwenga |
| 2 | mari | 7 | pfambi |
| 3 | kamba | 8 | njanji |
| 4 | derere | 9 | shiri |
| 5 | rwaivhi | 10 | nguruve |

E. Kuisa mazwi muushoma nemuuwandu

Vadzidzi ngavaise mazwi ari pabhambiri muushoma nemuuwandu. Mumapoka vadzidzi ngavaise mazwi muushoma kana muuzhinji. Ngavaverengerane zvavanyora. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi:

- | | | | |
|---|------------|----|----------|
| 1 | vanakomana | 6 | rize |
| 2 | gora | 7 | makan'a |
| 3 | mapete | 8 | munyoru |
| 4 | mhute | 9 | matsiru |
| 5 | mazano | 10 | kakomana |

F. Batanidzo nepatsanuro yemazwi

Vadzidzi ngavaita basa riri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi vachanyora basa riri pamakadhi. Vadzidzi ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Nyika dzezasi kweAfrica dzakabatana.
- 2 Zambia ndiyo inoona nezvezvicherwa nemigodhi.
- 3 Umwe chete uhwu hunoumba ushamwari.
- 4 Kana mave kuuya muuye nemari yangu yechikoro.
- 5 Mushandirapamwe unoita kuti vanhu vapanane mazano uye vabatsirane.
- 6 Ndinoda kukuzivisa nezvematambudziko andakasangana nawo.
- 7 Zimbabwe inyika inozivikanwa nekurima zvirimwa.
- 8 Mozambique inyika iri pedyo nenyanza saka kunogara kuchinaya.
- 9 Ndakamuona achibaya-baya kombiyuta yake.
- 10 Ngatigare pamwe chete kuti tigonza zvinotaurwa nemupurisa uyu.

G. Rondedzero yetsamba kushamwari

Nyora tsamba kushamwari yako iri kune imwe nyika uchiudza nezvenyika yenyu.

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo etsamba kushamwari. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure pfungwa dzetsamba iyi. Ngavanyore tsamba iyi mumabhuku avo.

H. Tsika dzechivanhu

Vadzidzi ngavataure tsika dzechivanhu dzavanziva. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite chimutambo chetsika dzedu. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Nedzoi
- 2 Pamweni
- 3 Makorokoto
- 4 Titsike usimbe
- 5 Pamusoroi
- 6 “Akaonekwa.”
- 7 “Titambire.”
- 8 “Svikai.”
- 9 “Vakuwisi.”
- 10 “Tinofara.”

I. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Pakumhoresa vanhu.
- 2 Kumhoresa munhu wawamboona.
- 3 Kana uchibata maoko munhu afirwa.
- 4 Kana uchikorokotedza munhu abudirira pane zvimwe zvinhu kana anenge asununguka mwana.
- 5 Kana uchinge wafirwa ukanzi nematambudziko.
- 6 Kana uchinge watendwa.
- 7 Kana munhu akati tisvikewo.
- 8 Kana ukasvika vanhu vachiita basa.
- 9 Kana uchitanga kutaura pagungano.
- 10 Kana uchitambira muenzi.

J. Mutauro: Enzaniso

- 1 Anosevenza zvikuru kunge bhiza.
- 2 Anokara chikafu kunge bere.
- 3 Akanaka zvikuru.
- 4 Anogana kumhanaya.
- 5 Akasimba chaizvo.
- 6 Anogona muchikoro/zvidzidzo.
- 7 Ane hutsvina/akasimba.
- 8 Akasviba/ane ganda dema.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kupa dimikira rine dudziro yakapiwa.
- f** kunyora zvirevo zvine chibvunzo.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kunyora mazwi anoreva zvakafanana.
- i** kunyora basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Bhambiri rine madimikira.
- Mufananidzo wemagetsi ezuva.
- Bhambiri rine chibvunzo.
- Bhambiri rine mazwi anoreva zvakafanana.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji 117-122.

Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure mhando dzemagetsi dzavanoziva. Mumapoka vadzidzi ngavataure kukosha kwemagetsi ezuva.

Hurukuro

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Haanyanyi kudhura.
- Anoshandiswa muzvimbo dzakasiyana-siyana.
- Kuaina, kuonesa, kubikisa, kuridza madzimudzangara, zvivhitivhiti nekutungidza firiji nezvimwe.
- Mudzimba, muzvipatara, mumaindasitiri, muzvikoro nekumwe.
- Aini, feni, chitofu, zvigayo, makombiyuta, zvivhitivhiti, madzimudzangara nezvimwe.

Mazwi ari mundima anopesana

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- a** akashata/akaipa
- b** kumadhorobha
- c** mukati
- d** kwidiba
- e** chakadzima
- f** rima
- g** kudzima
- h** Anodhura/Ane mutengo uri pamusoro.

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavaverenge mazwi votaura zvaanoreva. Ngavaverenge vachiita majana. Mumapoka vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso. Mumwe nemumwe ngaapindure mibvunzo iri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi:

- 1** zuva
- 2** mafoni nemakombiyuta
- 3** chivhitivhiti, kombiyuta, firiji nefeni
- 4** mvura
- 5** upfu nedovi
- 6** zvipatara, zvikoro nemudzimba
- 7** awanda kana kuti azara

- 8 kunze kwakachena
- 9 emvura, emarasha neezuva
- 10 haanyanyi kudhura uye anoshandiswa munzvimbo dzose

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavayeuchidzane manyorerwo epfupiso. Mumapoka vadzidzi ngavataure pfungwa dzepfupiso iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso mubhuku make.

D. Dimikira rine dudziro yakapiwa

Vadzidzi ngavape madimikira ane dudziro dziri pabhambiri. Ngavape dudziro nedimikira vari mumapoka. Vadzidzi ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi:

- | | |
|-----|------|
| 1 C | 6 D |
| 2 B | 7 B |
| 3 D | 8 D |
| 4 A | 9 D |
| 5 C | 10 B |

E. Chibvunzo (?)

Vadzidzi ngavataure panoshanda chibvunzo. Ngavaise chibvunzo pabasa riri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine chibvunzo. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi.

- | | |
|--|---------------------------------------|
| 1 Ndiani ari kubika pachitofu? | 4 Nemhaka yei magetsi ezuva akakosha? |
| 2 Ari kushandisa chii pakubika? | 5 Unogadzirisa nei tambo yemagetsi? |
| 3 Chii chapombesa mvura iyi? | 6 Mwana uyu anogara kupi? |
| 7 Ndeupi musiyano uripo pakati pemagetsi ezuva neemvura? | |
| 8 Sei asina kuuya kuzozvionera zvaaiudzwa? | |
| 9 Ndezvipi zvinhu zvinoshandiswa kubikisa sadza? | |
| 10 Uri kuda kuti ndiite sei newe? | |

F. Rondedzero yetsananguro

Kukosha kwemagetsi

Vadzidzi ngavataure manyorerwo erondedzero. Mumapoka avo ngavakurukure kukosha kwemagetsi. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku rake.

G. Mazwi anoreva zvakafanana

Vadzidzi ngavataure mazwi anoreva zvakafanana avanoziva. Mumapoka avo ngavape mazwi anoreva zvakafanana neari pachikadhi. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|---|----|---|
| 1 | D | 6 | D |
| 2 | C | 7 | B |
| 3 | D | 8 | D |
| 4 | B | 9 | D |
| 5 | A | 10 | B |

H. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|---------------|----|-----------|
| 1 | shumba | 6 | tsvana |
| 2 | mandishaya | 7 | mbira |
| 3 | mbeva | 8 | shokorana |
| 4 | korori/shasha | 9 | kamba |
| 5 | hove | 10 | rakadzi |

I. Ruzha rwemhuka

- | | | | | | |
|---|-----------------|-------------|----|--------|------------|
| 1 | Bere | - Kurira | 6 | Mbudzi | - memedza |
| 2 | Dhongi/mbongoro | - kukuma | 7 | Mombe | - kuma |
| 3 | Jongwe | - kukuridza | 8 | Munhu | - chema |
| 4 | tseketsa | - kekeredza | 9 | Nyoka | - shinyira |
| 5 | kiti | - meura | 10 | shiri | - rira |

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kudoma tsumo dzine tsanangudzo dzakapiwa.
- f** kuzadzisa zvirevo nezvipauro.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuzadzisa zvirevo nemakiromita.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Makadhi ane basa remapoka.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine zvipauro.
- Bhambiri rine makiromita.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji 124-130.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane zvaitwa kare zvashanduka mazuva ano. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite chimutambo chezvinhu zvashanduka chinozadzisa tsumo yokuti kare haagari ari kare.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Tsoka, ngoro nemadhongi.
- Vaitumira nhume, vaishandisa mureza, chiutsi nengoma.
- Madutavanhu, zvicepe, zvitima, ndege, motokari nezvimwe.
- Nharembozha, madzimudzangara, tsamba, madandemutande, makombiyuta nezvimwe.

Mazwi muuwandu

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|----------|----------|----------|
| a | bvute | e | tsamba |
| b | mitondo | f | mizinda |
| c | vazukuru | g | zviringo |
| d | nhaka | h | mitswi |

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavaverenge mazwi ari pazvitai-tai. Ngavataure zvinoreva mazwi aya. Ngavaverenge ndima vachiita majana. Mumapoka vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 VaMukambo
- 2 Vanambuya navanasekuru
- 3 Yaive isingadhuri
- 4 Nhume
- 5 Nharembozha, madzimudzangara, tsamba, mapepanhau nedzimwe.
- 6 Tsoka nemadhongi
- 7 Mushambakodzi
- 8 Chirongo
- 9 Zvinhu zvinoshanduka
- 10 Yanhasi nokuti inokasika (mudzidzisi kwenya mhinduro yakakodzera).

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavayeuchidzane manyorerwo epfupiso. Ngavataure pfungwa dzepfupiso. Ngavanyore pfupiso iyi mumapoka avo. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso mubhuku rake.

D. Tsumo dzine tsanangudzo dzakapiwa

Vadzidzi ngavataure tsumo dzine tsanangudzo dzakapiwa pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavape tsanangudzo netsumo. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Apunyaira haashai misodzi.
- 2 Rine manyanga hariputirwi mumushunje.
- 3 Miromo yevakuru haiwiri pasi.
- 4 Chitsva chiri murutsoka.
- 5 Gavi rakabva kumasvuuriro.
- 6 Kure kwegava ndokusina mukubvu.
- 7 Totenda maruva tadya chakata.
- 8 Shiri ine muririro wayo haiuregi.
- 9 Ndambakuudzwa akaonekwa nembonje pahuma.
- 10 Ane ganda ane nyama hazvienzani neasina.

E. Kuzadzisa zvirevo nezvipauro

Vadzidzi ngavataure zvipauro. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nezvipauro. Mumapoka vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine zvipauro. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|----------|-------------|
| 1 dema | 6 jena |
| 2 huru | 7 mbiri |
| 3 hombe | 8 rutete |
| 4 matatu | 9 murefu |
| 5 mukuru | 10 kukajeka |

F. Rondedzero yetsumo

Kare haagari ari kare

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo erondedzero. Ngavataure pfungwa dzerondedzero iyi. Mumapoka vadzidzi ngavanyore rondedzero iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku rake achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

G. Makiromita nenguva

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Makiromita zana nemakumi maviri.
- 2 Makiromita mazana maviri nemakumi mapfumbamwe.
- 3 Makiromita mazana maviri nemakumi matatu.
- 4 Maminitsi mashanu.
- 5 Maminitsi makumi maviri.
- 6 Maminitsi masere.
- 7 Nguva dzenhanhatu zuva rovira.
- 8 Makiromita mazana maviri nemakumi nepfumbamwe.
- 9 Makiromita makumi manomwe nemashanu.
- 10 Maawa manomwe nemaminitsi makumi matatu nemapfumbamwe.

H. Basa rekuita kumba

Vadzidzi ngavaende kumba vanobvunzo upenyu hwairaramiwa nevakuru vekare vagouya votaurirana zuva rinotevera.

I. Mazwi anoreva zvakawanda

- 1 Sekuru - Baba vamai/baba
Sekuru - Hanzvadzi yaamai
- 2 Gura - kudambura
Gura - Munda usati warimwa
- 3 Ramba - hove inotsvedza, nhema
Ramba - kuramba kuita chinhu
- 4 Guru - chinhu chihombe
Guru - mwena unogara nyoka

- 5 kamba - mhuka ine gwati pamusoro
Kamba - imba diki
- 6 Shoko - mhuka inogara mumuti
Shoko - mazwi
- 7 Dura - kutaure mashoko
Dura - munochengeterwa chikafu
- 8 Rimwe - chinhu chimwe chete
Rimwe -
- 9 Rima - kushaya chiedza
Rima - kurima munda
- 10 Mbira - mudziyo wekuridza
Mbira - mhuka inogara mumwena
- 11 Tsika - maitiro/magariro
Tsika - kufamba pamusoro pechinhu
- 12 Gore - mwedzi gumi nemiviri
Gore - rinoita mvura inaye
- 13 Rurimi - mitauro
Rurimi - nhengo yemuviri
- 14 Tete - hanzvadzi yababa
Tete - chinhu chisina kukora
- 15 Fara - kuva nemufaro
Fara - kukura kwenzvimbo

Kubatana kwenyika dzemuAfrica

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kuzadzisa tsumo.
- f** kunyora zviperengo.
- g** kunyora tsamba kuhama.
- h** kupa mitupo nezvidawo.

Zvombo zvichashandiswa

- Makadhi ane basa remapoka.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine mazwi ezviperego.
- Bhambiri rine tsamba kuhama.
- Bhambiri rine mitupo nezvidao.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji 131-136.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure zvakakoshera kuti nyika dzibatane. Mumapoka avo ngavataurirane kukosha kwekubatana.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Ukaita basa uri wega haubudiriri.
- Kugoverana upfumi hwadzinahwo.
- Kubatsirana mumatambudziko.
- Dzinotengeserana zvadzinazvo.
- Dzinopanana mazano.
- Dzinobatsirana mumatambudziko.
- Hauna anokubatsira, unoshaya anokupa mazano.

Mazwi muuwandu

Mhinduro dzemazwi muuwandu:

- | | | | |
|----------|--------------|----------|----------|
| a | mibatandiswa | e | tsika |
| b | hondo | f | mabasa |
| c | nyika | g | mazororo |
| d | mazita | h | makore |

B. Nzwisiso

Vadzidzi ngavaverenge ndima iyi chinyararire. Ngavapindure mibvunzo yavachabvunzwa nemudzidzisi. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|---|-----------|---|
| 1 | B | 6 | D |
| 2 | D | 7 | B |
| 3 | C | 8 | C |
| 4 | D | 9 | A |
| 5 | A | 10 | B |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavayeuchidzane manyorerwo epfupiso. Ngavataure pfungwa dzepfupiso iyi mumapoka. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso iyi mubhuku rake.

D. Kuzadzisa tsumo

Vadzidzi ngavazadzise tsumo dziri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavazadzise tsumo dziri pamakadhi. Mumwe neumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi achizadzisa tsumo.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|-----------------------|----|----------------------------|
| 1 | hanga dzichauya | 6 | mhanza chironda |
| 2 | ichanaka | 7 | kunzi ridza |
| 3 | kwava kusakara kwedoo | 8 | gunguwo zvarakatya |
| 4 | huona mai | 9 | neinobata amai |
| 5 | zvine manenji | 10 | chine manenji hachifambisi |

E. Zviperego

Vadzidzi ngavaumbe mazwi ane zvaanoreva kubva pamavara ari pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe mazwi nemavara ari pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|--------------|----|---------------|
| 1 | kodzero | 6 | madzimai |
| 2 | runyararo | 7 | kuchengetedza |
| 3 | upfumi | 8 | dzinokwana |
| 4 | mubatanidzwa | 9 | zvinangwa |
| 5 | matongerwe | 10 | mubatanidzwa |

F. Rondedzero yetsamba kuhama

Nyora tsamba kuhama yako uchiiudza mubatanidzwa uri munzvimbo menyu.

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo etsamba kuhama. Ngavataure pfungwa dzetsamba iyi. Mumapoka vadzidzi ngavanyore tsamba iyi vozoverengerana. Mumwe nemumwe ngaanyore tsamba iyi mubhuku make.

G. Mitupo nezvidawo

Vadzidzi ngavataure mitupo yavo nezvidawo. Mumapoka vadzidzi ngavanyore mitupo miviri nezvidawo zviviri zvavanziva. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|--------------|----|----------|
| 1 | Shoko/Soko | 6 | Mbizi |
| 2 | Madyirapanze | 7 | Chirasha |
| 3 | Mateza | 8 | Gwai |
| 4 | Moyo | 9 | Hungwe |
| 5 | Gushungo | 10 | Dziva |

H. Basa rekuita kumba

Vadzidzi ngavanonyora detembo remutupo wavo vari kumba vagouya voverengera vamwe.

I. Tsika nemagariro

- 1 “Maita basa.”
- 2 “Pamusoroi...”
- 3 Kubvisa ngowani mumusoro.
- 4 “Maswera zvakanaka here ambuya? Ndingakubatsirei nei?”
- 5 “Mangwanani/Manheru ndinofunga mabaya nhamba dzisiri idzo...”
- 6 Warasika

Bepa rekutanga

Mhinduro dzebunzo iyi ndeidzi:

- | | | | |
|----|---|----|---|
| 1 | C | 21 | A |
| 2 | D | 22 | D |
| 3 | C | 23 | B |
| 4 | A | 24 | D |
| 5 | D | 25 | D |
| 6 | B | 26 | B |
| 7 | C | 27 | C |
| 8 | D | 28 | B |
| 9 | B | 29 | C |
| 10 | C | 30 | A |
| 11 | A | 31 | C |
| 12 | D | 32 | B |
| 13 | C | 33 | A |
| 14 | D | 34 | D |
| 15 | B | 35 | C |
| 16 | C | 36 | D |
| 17 | D | 37 | B |
| 18 | A | 38 | D |
| 19 | B | 39 | C |
| 20 | C | 40 | B |

Bepa rechipiri

Chikamu chekutanga

Vadzidzi ngavasarudze musoro mumwe chete pane yakapiwa vagonyora rondedzero. Misoro yacho ndeyi:

- 1 Rondedzera rwendo rwausingakanganwi.
- 2 Nyora tsamba kushamwari yako yakashaikirwa nevabereki uchiipa mazano ekurarama.
- 3 Nyora mhan'aro kumukuru wechitoro yemabatirweo awakaitwa nemushandi wavo pawaitengamo.
- 4 Nyora hurukuro pakati pemudzidzisi nemwana anorova vamwe kuchikoro.
- 5 Kukosha kwekurima.

Chikamu chechipiri

Mhinduro dzenzwisiso

- 1 ndiTinorumbidza
- 2 kuBritain
- 3 kunyimwa chikafu, kunyimwa zvokupfeka, kusagara pamasofa.
- 4 Vane utsinye.
- 5 Vanotenga zvavanoda ivo nemhuri yavo.

Pfupiso

Vadzidzi ngavatsanangure kushungurudzwa kwaTsitsidzashe.

Pfungwa dzinogona kubuda mupfupiso iyi ndeidzi:

- Kunyimwa chikafu.
- Kudya nemurivo, vamwe vachidya nenyama.
- Kusagara pasofa.
- Kunyimwa zvokupfeka.
- Kusapiwa mari inenge yatumirwa nevabereki vake.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kududzira zvirahwe.
- f** kutanga chirevo nanyakuita.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuzadzisa tsoro nemazwi anokodzera.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Bhambiri rine zvirahwe.
- Bhambiri rina nyakauita nanyakuitirwa.
- Bhambiri rine tsoro yemazwi.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChinomwe peji 144-149.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane kuipa kwekureva nhema. Mumapoka avo ngavaite chimutambo chemwana aiita basa rekurevera vamwe nhema. Ngavasarudze boka rinenge raita chimutambo chinonakidza.

